ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

# БИЛИМЛЕНДИРИЎ ПРОЦЕСИН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ҲӘМ СТУДЕНТЛЕР БИЛИМИН ҚАДАҒАЛАЎ

# Т Ә Р Т И Б И

**(Академиялық қағыйдалар)**

**НӨКИС – 2022**

Бул методикалық қолланба ҚМУ Кеңесиниң 2022-жыл 3-июнь күнги 10/8. 3-санлы кеңейтилген мәжилисинде талқыланып, мақулланған ҳәм баспаға усыныс етилген.

Бул қолланба билимлендириў барысын ҳәм студентлер билимин қадағалаўды нәтийжели шөлкемлестириўге мүмкиншилик береди. Қәниге ҳәм профессор-оқытыўшыларға жоқары билимлендириўдиң кредит-модуль системасы барысында әмелий бағдарлама ретинде пайдаланыўға усыныс етиледи.

## 1-бап. Улыўма қағыйдалар

Бул қолланба оқыў жобаларға муўапық билимлендириўдиң кредит-модуль системасында оқыўды баслайтуғын студентлер ушын Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде оқыў процеси ҳәм студентлердиң билимин қадағалаўды әдил, нәтийжели ҳәм ашық шөлкемлестириў режимин (кейинги орынларда – Академиялық қағыйдалар) белгилейди.

Билимлендириў процесин нәтийжели шөлкемлестириў ҳәм жоқары оқыў орынлары студентлериниң билимин қадағалаўдың мақсети – жоқары маман, бәсекиге шыдамлы, мәмлекетте әмелге асырылып атырған реформалардың талапларына ҳәм заманагөй халықаралық стандартларға жуўап бере алатуғын кадрларды таярлаў, соның менен бирге, студентлерде өз бетинше билим алыў мүмкиншиликлерин жаратыў, билимлендириў сапасының ашықлығын тәмийинлеген ҳалда оқыў процесслерин системалы анализлеў ҳәм улыўма кәсиплик ҳәм қәнигелик компетенцияларды раўажландырыў, студентлер билимин баҳалаўдың объектив ҳәм әдил системасын енгизиўден ибарат.

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў ҳәм студентлер билимин қадағалаўдың тийкарғы ўазыйпалары төмендегилер есапланады:

мәмлекетлик билимлендириў стандартлары ҳәм илимий тәжирийбе талапларына муўапық студентлерде тийисли билим, көнликпе ҳәм илимий тәжирийбелер қәлиплесиў дәрежесин бақлаў ҳәм анализ етип барыў;

студентлер билими, көнликпе ҳәм илимий тәжирийбелерин баҳалаўдың тийкарғы принциплери: мәмлекетлик билимлендириў стандартлары ҳәм илимий тәжирийбе талапларына тийкарланған, анықлық, шынлық, исенимлилик, билимлерди баҳалаўда ашықлықты тәмийинлеў;

оқыў материалының студентлер тәрепинен системалы түрде ҳәм белгиленген мүддетлерде өзлестирилгенлигин бақлаў ҳәм анализ етиў;

студентлерде өз бетинше ислеў көнликпелерин раўажландырыў, мәлимлеме ресурс дәреклеринен нәтийжели пайдаланыўды шөлкемлестириў;

студентлер билимин объектив ҳәм әдил баҳалаў ҳәм оның нәтийжелерин ўақтында жәриялаў;

студентлердиң оқыў жобасы шеңберинде комплекс ҳәм үзликсиз таярлығын тәмийинлеў;

оқыў процесиниң шөлкемлестирилген жумысларын компьютерлестириўге (санлы ямаса электрон формаға өтиўге) шараят жаратыў.

## 2-бап. Тийкарғы түсиниклер

Қолланбада төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

GPA (Grade Point Average) – билим алыўшының бағдарлама бойынша өзлестирген баҳаларының орташа көрсеткиши болып, ол төмендеги формула жәрдеминде есапланады:

$$GPA = \frac{\mathrm{K1+U1+K2-U2+K3+U3.....+Ka+Un}}{\mathrm{K1+K2+K3....+Kn}}$$ .,бунда

К – ҳәр бир пән/модульге ажыратылған кредитлер муғдары;

Ол – ҳәр бир пән/модуль бойынша студент топлаған баҳа;

Мысалы, ECTS кредит-модуль системасында студенттиң GPA көрсеткиши үш басқышта есапланыўы мүмкин:

Биринши басқыш: студенттиң белгиленген дәўир даўамында (әдетте оқыў жылы жуўмағында) ҳәр бир модуль/пәннен алған баҳасы (2 баҳа 0 ге тең есапланады) сол пәнге ажыратылған кредитлер санына көбейтиледи ҳәм жүзеге келген санлардың барлығы қосып шығылады;

Екинши басқыш: студент сол дәўир даўамында оқыған ҳәрбир пәнге ажыратылған кредитлер муғдары қосып шығылады;

Үшинши басқыш: биринши басқышта анықланған улыўма санды екинши басқышта анықланған кредитлердиң улыўма муғдарына бөлинеди. GPA мәнисин анықлаўдың шәртли мысалы 16-қосымшада келтирилген.

**академиялық мобиллик** – жоқары оқыў орны студентлериниң арнаўлы бир ўақыт даўамында республика аймағындағы ямаса сырт елдеги басқа бир жоқары оқыў орнына оқыў мақсетинде барыўы;

**мобиллик бағдарламасы** – еки ямаса оннан артық жоқары оқыў орынлары ортасында өз ара билимлендириў ҳаққындағы шәртнама тийкарында исленген академиялық мобиллик бағдарламасы;

**кредит** – билим алыў нәтийжелерине көре студент тәрепинен арнаўлы бир пән бойынша өзлестирилген оқыў жүклемесиниң өлшем бирлиги. Кредитлер қағыйдаға муўапық пүтин, бөлшек санларда аңлатылыўы мүмкин;

**жоқары оқыў орны** – тәлим-тәрбия процесин алып баратуғын ҳәм белгиленген муғдардағы кредитлерди тән алыўды есапқа алған ҳалда тәлим ҳәм илимий тәжирийбе ҳаққындағы ҳүжжет беретуғын шөлкем;

**кредитлерди бериў**- кәнигелик ямаса оның айырым бөлимлерине қойылған талапларға муўапық ерисилген билим алыў нәтийжелери бойынша студент ямаса басқа билим алыўшыларға кредитлерди рәсмий усыныў процеси;

**кредитлерди көшириў** – студентлердиң академиялық мобиллигин тәмийинлеў мақсетинде бир жоқары оқыў орны билимлендириў бағдарламасы бойынша алынған кредитлерди басқа жоқары оқыў орнына көшириў ҳәм тән алыў;

**кредит топлаў** – билимлендириў элементлерин өзлестириў ҳәм басқа жетискенликлерге ерисиў нәтийжесинде усыныс етилетуғын кредит бирликлерин топлаў;

**студенттиң жеке билимлендириў траекториясы** – студент тәрепинен таңланған ҳәм де оған избе-изликте билимлер топлаў ҳәм қәлеген компетенциялар жыйындысына ийе болыў мүмкиншилигин беретуғын жөнелис (маршрут). Билимлендириў траекториясы институционал ҳүжжетлер ҳәм жолламалар жәрдеминде дүзилиўи ҳәм түрли билимлендириў траекториялары нәтийжесинде бирдей қәнигелик алыўға алып келиўи мүмкин;

**билимлендириў бағдарламасы** – бакалавриат тәлим бағдары ямаса магистратура қәнигелиги тәлимниң тийкарғы қәсийетлери (көлеми, мазмуны, жобаластырылған нәтийжелер), шөлкемлестирилген-педагогикалық шараятлар, пән бағдарламаларына қойылған улыўма талаплар, соның менен бирге, билимлендириўди шөлкемлестириў ҳәм әмелге асырыў ушын зәрүр болған мәлимлеме-ресурс ҳәм оқыў-методикалық көрсетпелер комплекси;

**билимлендириў бағдарламасы каталогы** – жоқары оқыў орны характеристикасы, кредит-модуль системасына кирисиў, төмендеги бакалавриат тәлим бағдарлары ҳәм магистратура қәнигеликлери, хызметлер ҳәм ресурслар, оқыў пәнлери бағдарламалары, анық билимлендириў бағдарламалары элементлери сыпатламасы ҳаққындағы информация;

**тәлим нәтийжелери** – студент тәрепинен өзлестирилген ҳәм баҳа менен тастыйықланған илимий тәжирийбе дәрежесин сәўлелендиретуғын, билимлендириў процесин табыслы тамамлағаннан кейин студент өзлестирген көнликпелер ҳәм оларды әмелде қолланыў қәбилетиниң характеристикасы;

**оқыў жүклемеси** – студент тәрепинен оқыў искерлигиниң барлық түрлери – лекция, әмелий сабақ, семинар, лаборатория жумысы, курс жойбары (жумысы), әмелият ҳәм өз бетинше жумысты әмелге асырыў тийкарында күтилген оқыў нәтийжелерине ерисиў ушын зәрүр болған саатлар көлеми;

**дизимге алыў хызмети** – билимлендириў процесин басқарыў информациялық системалар ҳәм бағдарламалық исленбелерден пайдаланып профессор-оқытыўшылар, хызметкерлер ҳәм студентлер бойынша билимлендириў процесине тийисли мағлыўматлар базасын қәлиплестириўди, соның менен бирге, студентлердиң барлық оқыў нәтийжелерин дизимге алыў, билимин қадағалаў ҳәм олардың академиялық рейтингин есаплаўдың барлық түрлерин шөлкемлестириўди нәзерде тутатуғын хызметлер;

**билимлендириў элементлери** – билимлендириў бағдарламасының бир бөлеги болып, билим алыў нәтийжелерине ерисиў ҳәм билимлендириў

бағдарламасында көрсетилген билимлерди өзлестириўге көмеклесиўши оқытыў түри;

**транскрипт** – билим алыўдың тийисли дәўиринде өзлестирилген кредитлер ҳәм баҳалардың ҳәрип ҳәм санлардағы аңлатпасы көрсетип өтилген пәнлер дизимин өз ишине алған белгиленген формадағы ҳүжжет;

**модуль** – өз алдына оқыў пәни (оның бөлеги) болып, өзинде тийисли жөнелис, қәнигеликке тийисли теориялық билим ҳәм кәсиплик көнликпелерди өз ишине алады ҳәм студенттиң пәнлер бағдарламаларын өзлестириўи нәтийжесинде қәлиплескен билим, көнликпе, кәсиплик маманлық ҳәм компетенцияларын қадағалаўдың тийисли түрлери менен жуўмақланады.

**модерация** – студентлер ушын қадағалаў түрлерин шөлкемлестириў, бақлаў ҳәм қадағалаў сораўлары ҳәм жуўапларын экспертизадан өткериў процеси;

**модератор** – қадағалаў сораўларының модуль мазмунынан келип шығып қойылған талапларға сәйкеслиги ҳәм қадағалаў сораўларына жуўаплардың муўапықлығы бойынша жуўмақлаўшы шешим беретуғын пән тараўы бойынша қәниге;

**шегаралық қадағалаў** – семестр даўамында модуль оқыў бағдарламасының тийисли (модульдиң бир неше темаларын өз ишине алған) бөлими таўсылғаннан кейин студенттиң билим ҳәм әмелий көнликпе дәрежесин анықлаў ҳәм баҳалаўға қаратылған қадағалаў түри болып табылады;

**жуўмақлаўшы қадағалаў** – белгили бир пән бойынша жәми теориялық билим ҳәм әмелий көнликпелердиң студентлер тәрепинен өзлестириў дәрежесин баҳалаўға қаратылған қадағалаў түри болып табылады.

## 3-бап. Студентлердиң ҳуқық ҳәм миннетлемелери

5. Студентлер Университеттиң Уставына муўапық төмендеги ҳуқықларға ийе:

мәмлекетлик билимлендириў стандартлары ҳәм қәнигеликке қойылған талапларына муўапық пән, техника, заманагөй технология жетискенликлерине сай келиўши билим алыў ҳәм университет тәрепинен усыныс етилетуғын қосымша билимлендириў хызметлеринен пайдаланыў;

Университеттиң мәлимлеме-ресурс орайында бар болған китаплар, күнделикли баспалар, электрон оқыў ресурслары ҳәм қуралларынан белгиленген тәртипте бийпул пайдаланыў;

Университеттиң улыўма искерлигине ҳәм билимлендириў процесине тийисли бийпул мағлыўматлар, информациялар, мәсләҳәтлер ҳәм түсиниклерди алыў;

аудиториялар, оқыў ҳәм илимий лабораториялар, компьютер бөлмелери, билимлендириў процесине тийисли қураллардан орнатылған тәртипте бийпул пайдаланыў;

университет тәрепинен ажыратылған лимит шеңберинде интернет тармағы ресурсларынан тек ғана оқыў ҳәм илимий-изертлеў мақсетлеринде пайдаланыў;

билимлендириў процеси нәтийжелилиги ҳәм билим сапасын арттырыў бойынша өз усыныс-пикирлерин, сын пикирлерин белгиленген тәртипте университеттиң администрациясы ҳәм тийисли структураларына билдириў ҳәм олардың көрип шығылыўын талап етиў;

илимий изертлеў жумысларының барлық түрлеринде – конференциялар, илажларда қатнасыў, өз илимий жумысларын баспаға, сондай-ақ, университеттиң күнделикли баспаларына да усыныў;

Университетте нызамлы түрде искерлик жүргизип атырған жәмийетлик бирлеспелерине ағза болыў ҳәм олардың искерлигинде қатнасыў;

Университеттиң зәрүр мәселелерин талқылаў ҳәм шешиўде, сондай-ақ, жәмийетлик шөлкемлери ҳәм жоқары оқыў орынларында басқарыў шөлкемлери арқалы қатнасыў;

таңланған бағдар (қәнигелик) бойынша оқыў жобада төмендеги пәнлерден тысқары қызығыўшылықлары шеңберинде ямаса кәсиплик маманлығын асырыў мақсетинде университетте оқытылатуғын басқа пәнлерди өз қәлеўине қарап шәртнама тийкарында өзлестириў;

нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте академиялық демалыстан пайдаланыў;

нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте бир тәлим бағдарынан басқасына ямаса бир ЖООдан басқа ЖООға оқыўды көшириў;

Университет ҳәм факультет көлеминдеги өткерилетуғын ғалабалық илажларда қатнасыў;

Оқыў дәўиринде шәртнама тийкарында студентлер турар жайынан пайдаланыў (әмелдеги сыйымлық шеңберинде);

Университеттеги дөгереклер ҳәм басқа дүзилмелер искерлигинде соның менен бирге, университет тәрепинен студентлер ушын өткерилетуғын илажларда оқыў процесинен тысқары бос ўақытларында қатнасыў;

Университет администрациясының буйрық ҳәм бийликлери үстинен нызамшылықта белгиленген тәртипте арз етиў.

6. Студент сапалы ҳәм жоқары дәрежеде билим алыўы, таңлаған бағдары бойынша жоқары маман қәниге болып жетилисиў ушын зәрүр болған нызам

ҳүжжетлерине қарсы болмаған басқа ҳуқықлардан пайдаланыўға ҳақылы болып есапланады.

7. Студент өз ҳуқықларынан жеке мәпи ушын надурыс пайдаланбаўы, бул ҳуқықлардан өзге адамлардың мәпине қарсы пайдаланбаўы керек.

8. Студентлерге университет Уставында белгиленген төмендеги миннетлемелер жүклетиледи.

Билим алыў процесинде Өзбекстан Республикасы нызам ҳүжжетлери талапларына, жәмийеттиң әдеп-икрамлылық принциплерине, руўхый қәдириятларға қатаң әмел етиў;

Университеттиң Уставы, Ишки тәртип қағыйдалары, әдеп-икрамлылық қағыйдалары, студентлер турар жайларының қағыйдалары ҳәм усы Академиялық қағыйдалар менен танысып шығыў ҳәм оларға қатаң әмел етиў;

Жоқары билимлендириўдиң оқыў бағдарламалары ҳәм оқыў жобаларында нәзерде тутылған билим, көникпе ҳәм маманлықларды ҳүжданлы түрде ийелеў;

Оқыў жобаларында белгиленген оқыў сабақларының барлық түрлеринде қатнасыў, кеширимли себеплерсиз қалдырмаў, сабаққа кеш қалмаў ямаса қатнаспаў;

билимлендириў процесинде, сондай-ақ, оқыў бағдарламаларында нәзерде тутылған ўазыйпаларды ҳәм тапсырмалардың барлық түрлерин белгиленген мүддетте ҳәм сапалы орынлаў;

Университеттиң электрон билимлендириў платформасында билим алыў ушын берилген жеке логин ҳәм паролларды сыр сақлаў;

тийисли пән бойынша профессор-оқытыўшының оқыў бағдарламаларында нәзерде тутқан шөлкемлестириўшилик ҳәм методикалық талапларын орынлаў;

оқыў процесинде, атап айтқанда, лекция, семинар, әмелий ҳәм лабораториялық сабақларда этика қағыйдаларына әмел етиў, өзин мүнәсип (профессор- оқытыўшыларына сабақ өтиўге кесент етпеў, профессор-оқытыўшыларға ҳәм студентлерге қопал мунасәбетте болмаў ҳәм т.б.) тутыў;

студент кеселлиги себепли сабақларда қатнаса алмаған болса, тәуир болғаннан кейин үш күн мүддетте тийисли үлгидеги медициналық мағлыўматнаманы деканатқа тапсырыў;

студент наўқаслығы ямаса басқа себеплерге көре, еки ҳәптеден артық мүддетте сабақларға қатнаспаған жағдайда, телефон ямаса басқа байланыс қуралы (телеграмма, хат) арқалы деканатты хабардар етиў;

профессор-оқытыўшы тәрепинен сабақ өз ўақтында басланбаған ямаса сапасыз өткерилип атырған жағдайда факультет деканатына ямаса университет администрациясына хабарлаў;

Университет аймағында техника қәуипсизлиги, өрт ямаса инсанлардың саламатлығына қәуип туўдыратуғын басқа жағдайларда, соның менен бирге, университет мүлкине зыян жеткериў қәўпи жүзеге келип турған жағдайда, асығыслық пенен университет хызметкерин хабардар етиў;

өз курсласлары, студентлер, педагоглар ҳәм басқа хызметкерлер менен кишипейилликте болыў, жәмийетлик тәртипке әмел етиў;

Университет мүлкинен ақылға муўапық, нәтийжели ҳәм абайлап пайдаланыў;

оқыў тәртип-интизамы ҳәм минез-қулық қағыйдаларына әмел етилмеген жағдайда деканатқа түсиник хат усыныў;

кийиниў мәдениятына әмел етиў, сыртқы көриниси ҳәм турпайы минез-қулқы менен басқалардан ажыралып турмаўы;

Университеттиң Устав искерлигин әмелге асырыўына ҳәм университет хызметкерлериниң өз лаўазым миннетлемелерин орынлаўға билмей қалып ямаса биле тура тосқынлық ететуғын ҳәрекетлерден тыйылыў.

9. Студент оқыўда өзин ылайық емес тутқан жағдайда профессор-оқытыўшы деканатқа хабардар еткен ҳалда сабақлардан шетлетиў ҳуқықына ийе.

10. Студент узақ ўақыт даўамында сабақларға қатнаспаған жағдайда, деканат бул ҳаққында студенттиң ата-аналарын (ямаса басқа нызамлы ўәкиллерин) хабардар етиў ҳуқықына ийе.

Жоқарыда келтирилген миннетлемелерге әмел етпеген студентлерге жаза илажлары (ескертиў, сөгис жәриялаў, студентлер қатарынан шығарыў) қолланылады. Студентлердиң бул қағыйдалардан хабардар болмаўы қолланылатуғын жаза илажларынан азат етпейди.

## 4-бап. Билимлендириў бағдарламасының структурасы

11. Оқыў жылы ушын билимлендириў бағдарламасы структурасы бир ямаса бирнеше модуллерден ибарат билимлендириў элементлеринен дүзилген болып, жоқары оқыў орны Кеңеси тәрепинен тастыйықланады. Билимлендириў бағдарламасы аудитория сабақлары, илимий жойбарлар, өз бетинше тәлим, өндирислик әмелият ҳәм басқа билимлендириў элементлеринен ибарат болыўы мүмкин.

12. Билимлендириў бағдарламасы структурасы оның ҳәр бир билимлендириў элементине сәйкес келетуғын билим алыў нәтийжелерин (кеминде 6 көрсеткиш) көрсеткен ҳалда бир академиялық оқыў жылына 60 кредит сәйкес келиўин есапқа алып ислеп шығылады. Билимлендириў бағдарламасында кредитлердиң муғдары оқыў жүклемеси тийкарында көрсетиледи.

13. Студентлердиң билимлендириў бағдарламасын табыслы өзлестириўи ҳәм талап етилген маманлықты ийелеўи ушын талаплар анық белгиленеди. Өзлестириў қағыйдалары таңланған билимлендириў бағдарламасы бойынша оқытыўдың түрли басқышлары ушын белгиленген кредитлер муғдарында ямаса кредитлер аралығында аңлатылыўы мүмкин.

14. Билимлендириў бағдарламасының студентлер тәрепинен табыслы өзлестирилиўине жәрдем бериў ушын факультет деканы, оқыў-методикалық басқарма, сондай-ақ, билимлендириўдиң кредит системасын басқарыўға жуўапкер бөлим, топар тәрбияшысы ҳәм университеттиң басқа тийисли бөлимлери тәрепинен мәсләҳәт ҳәм түсиниклер берип барылады. Мәсләҳәт шеңберинде студентлерге билим алыў нәтийжесинде ерискен табыслар ҳәм тәжирийбени тән алыў мүмкиншиликлери түсиндириледи.

15. Оқыў-методикалық басқарма тәрепинен билимлендириў бағдарламасы каталогы ҳәм оқытыў шараятлары ҳаққындағы толық мағлыўматлар ҳәм әҳмийетли информациялар университет веб-сайтында қолай жүкленетуғын форматта оқыў жылы басланыўынан, әдетте, бир ай алдын жайластырылады.

16. Билимлендириў бағдарламасы ҳәм оның элементлерин әмелге асырыўға жуўапкер профессор-оқытыўшылар билимлендириў бағдарламасында көрсетилген оқытыўдың нәтийжелери менен сабақ өтиў ҳәм баҳалаў процеси ортасындағы теңсалмақлықты тәмийинлеўи керек. Оқытыў нәтийжелери, сабақ өтиў ҳәм баҳалаў процеси ортасындағы бул конструктив байланыс билимлендириў бағдарламаларына қойылатуғын зәрүр талап есапланады.

## 5-бап. Оқыў процесин жобаластырыў, мониторинг жүргизиў ҳәм билим сапасын тәмийинлеў

17. Оқыў процеси оқыў ҳәм қадағалаў илажлары комплексин өз ишине алады. Оқыў илажларында барлық түрдеги аудитория сабақлары, әмелият ҳәм өз бетинше жумыслардың дүзилиўи нәзерде тутылады. Қадағалаў илажлары билим алыўшылардың оқыў жобасындағы тийисли пәнлер бойынша билимлерди өзлестириўин ҳәм олардың нәтийжелерин баҳалаўды нәзерде тутады.

18. Оқыў процеси студентлер, жумыс бериўшилер, оқытыўшылар ҳәм администрация ортасында ашық байланыс формасында студентке бағдарланған билимлендириў стандартларын инабатқа алған ҳалда жобаластырылады. Бул процессте жумыс бериўшилер ҳәм студентлердиң талап ҳәм усыныслары талқыланады. Барлық мәпдар тәреплер билимлендириў бағдарламасының жаратылыўы ҳәм өзлестирилиўи бойынша өткерилетуғын талқылаўға қосылыўы мүмкин. Бундай тартысларда студент ўәкиллери даўыс бериў ҳуқықы арқалы қатнасыў мүмкин.

19. Оқыў процесин жобаластырыў төмендеги басқышлардан ибарат:

үлги оқыў жобасы (оқыў жоба 15-қосымшада келтирилген формада көрсетилген) ҳәм пәнлер каталогы (қурамы) алдынғы шет ел билимлендириў тәжирийбеси тийкарында республика экономикасы тармақларында әмелге асырылып атырған реформалар, кадрлар қарыйдарларының талаплары ҳәм миллий қәдириятларды есапқа алған ҳалда ислеп шығыў ҳәм қосымша түрде таңлаў пәнлер каталогын қәлиплестириў, жергиликли ҳәм шет ел жаңа әўлад әдебиятларына таянған ҳалда пәнлер каталогы бойынша үлги пән бағдарламаларын ислеп шығыў;

пәнлердиң исши бағдарламасын (силлабусын) ислеп шығыў;

оқыў жобасы ҳәм таңлаў пәнлер дизимине сәйкес түрде топар тәрбияшысы жәрдеминде оқыў-методикалық бөлим ҳәм факультет деканының қадағалаўы астында академиялық қағыйдалардың 1-қосымшасына муўапық ҳәр бир студенттиң жеке билимлендириў траекториясын қәлиплестириў;

исши оқыў жобаларын дүзиў;

оқыў процесиниң кестесин дүзиў;

академиялық топарлар бойынша оқыў сабақларының кестесин дүзиў.

20. Семестр даўамында студент тәрепинен топланыўы керек болған кредитлер муғдары оқыў жобасында көрсетилген мәжбүрий ҳәм таңлаў пәнлерин өз ишине алады. Таңлаў пәнлер қурамы ҳәм оларды үйрениўге ажыратылатуғын кредитлер муғдары университет тәрепинен еркин белгиленеди. Студентлер жеке билимлендириў траекториясында белгиленген таңлаў пәнлери шеңберинде пәнлерди еркин түрде таңлаўы мүмкин.

21. Оқыў жылы даўам етиў ўақты 36 ҳәптеге шекем болып, соннан 30 ҳәптеси академиялық дәўир, 2 ҳәптеси пәнлерди таңлаў ушын дизимнен өтиўге, 4 ҳәптеси аттестацияларға ажыратылады. Оқыў жылының даўам етиў ўақты оқыў процеси кестесине муўапық университет Кеңесиниң қарары менен өзгеше тәртипте белгилениўи мүмкин.

Кредит-модуль системасында 1 кредит орташа 25-30 академиялық саатлық оқыў жүклемесине тең. Яғный студент арнаўлы бир пәннен тийисли кредитлерди топлаўы ушын белгили муғдардағы оқыў жүклемесин өзлестириўи зәрүр. Оқыў жүклемеси бакалавриатта — 40-50% аудитория сааты, 50-60% өз бетинше жумыс саатына, магистратурада — 30-40% аудитория сааты, 60-70% өз бетинше жумыс саатына (қәнигелик әмелият ҳәм питкериў қәнигелик жумыслары буннан тысқары) бөлинеди. Кредиттиң саатлардағы муғдары ҳәм оқыў жүклемеси муғдары университет Кеңеси тәрепинен белгиленеди ҳәм университет веб-сайтында жайластырылады.

Бакалавриат тәлим бағдарлары ҳәм магистратура қәнигеликлеринде студент әдетте бир семестрде 30 кредиттен көп болмаған, бир оқыў жылында 60 кредиттен көп болмаған кредитти топлаўы белгиленеди. Семестр даўамында студент тәрепинен өзлестирилиўи керек болған кредитлер көлеми оқыў жобасында

көрсетилген мәжбүрий ҳәм таңлаў пәнлерин өз ишине алады. Студент өзиниң жеке билимлендириў траекториясын қәлиплестириўде ҳәр бир семестр ушын 30 кредиттен көп болмаған көлемдеги пәнлерди өзлестириўди нәзерде тутыўы, олар қурамында үлги оқыў жобасындағы мәжбүрий пәнлер болыўы шәрт.

Студент бакалавриатта оқыў мүддети кеминде 3 жыл болғанда 180 кредит, оқыў мүддети кеминде 4 жыл болғанда 240 кредит топлаўы зәрүр. Магистратурада оқыў мүддети кеминде 1 жыл болғанда 60 кредит, оқыў мүддети кеминде 2 жыл болғанда 120 кредит топлаўы талап етиледи.

22. Оқыў процесиниң мониторинги билим алыўдың белгиленген нәтийжелерине ерисиў ҳәм де олардың дурыслығы ҳәм сәйкеслигин баҳалаў мақсетинде өткериледи.

23. Билим сапасы нәтийжелилигин тәмийинлеў университет тәрепинен әмелге асырылатуғын бакалавриат тәлим бағдарлары ҳәм магистратура қәнигеликлери билимлендириў бағдарламасының толық ҳуқықлы мәкемелер усынyслары ҳәм талапларына сәйкеслигин тәмийинлеў процесслерин өз ишине алады.

Билим сапасын арттырыў ҳәм профессор-оқытыўшылар ортасында бәсекини қәлиплестириў мақсетинде университет Кеңеси қарарына тийкарланып студентлерге пән шеңберинде профессор-оқытыўшыларды таңлаў мүмкиншилиги берилиўи мүмкин. Бунда студентлер билимлендириўди басқарыў информациялық системасы порталы арқалы оқыў семестри басында 1 ҳәпте мүддет даўамында өзи таңлаған профессор-оқытыўшының сабағына қатнасыў ушын онлайн тәризде дизимнен өтеди. Профессор-оқытыўшы бириктирилиўи академиялық топарлар қәлиплесиўи ҳәм оқыў жүклеме бөлистирилиўи мүмкиншиликлеринен келип шығып әмелге асырылады.

24. Академиялық қарыздар студентлердиң усынысы менен бар болған академиялық қарызларды тапсырыў мақсетинде жазғы семестр университет тәрепинен әдетте демалыс ўақтында пуллы тийкарда шөлкемлестириледи.

Жазғы семестрдиң даўам етиў ўақты академиялық календарь тийкарында бакалавриат тәлим бағдарлары, магистратура қәнигеликлери ҳәм курслар бойынша белгиленеди.

Жазғы семестр төмендеги регламент тийкарында шөлкемлестириледи:

студент жазғы семестр басланғанға шекем факультет деканына өзиниң жазғы семестрде оқыўды қәлеўин билдирип, академиялық қағыйдалардың 2-қосымшасында келтирилген үлгидеги арза менен мүрәжат етеди. Факультет деканы арзаларды улыўмаластырып, оқыў-методикалық басқармаға усыныс етеди;

Факультет деканы бул студентлерге жазғы семестр ушын сабақ кестесин оқыў-методикалық басқарма менен келискен ҳалда дүзеди ҳәм студент белгиленген муғдардағы ақшаны төлегенинен кейин сабақларға киргизиледи;

жазғы семестр әмелдеги баҳалаў системасы тийкарында студентлер билимин ашық баҳалаў принципине қарап шөлкемлестириледи.

Жазғы семестрге тартылған профессор-оқытыўшыларға белгиленген тәртипте саатпай тийкарында ис ҳақы төленеди. Егер топар дүзилмеген (студентлер саны 8 ден кем болған) жағдайда саатпай ақша төлеў 3-қосымшаға муўапық әмелге асырылады.

Мысалы, 8 ҳәм оннан жоқары академиялық қарыздар студентлерге өзлестирилмеген, бир пән бойынша топар шөлкемлестириледи, яғный 8 ге шекем болған академиялық қарыздар студентлерге бир пән бойынша топар дүзилмейди ҳәм студент пенен профессор-оқытыўшы жеке тәртипте (индивидуал) шуғылланады. Мысалы, бир студент «Математикалық анализ» пәнинен академиялық қарыздар болып қалды дейик. Бул академиялық қарыздар студентке бириктирилген профессор офлайн ямаса онлайн оқыў сабақларын өткериў, тапсырмалар, мәселелер ҳәм олардың шешими бойынша түсиниклер бериў, пән бойынша тарқатпа материаллар усыныў, пәнге тийисли темалар бойынша әдебиятлар ҳәм олардың дәреклерин жеткериў, өз бетинше тәлим шеңбериндеги темалар бойынша әмелий жәрдем көрсетиў сыяқлы оқыў сааты ҳәм мәсләҳәт формаларын әмелге асырады. Егер профессор оқыў сабақларын офлайн өткерген жағдайда сабақлар қашан ҳәм қайда өткерилгенлигин сәўлелендирген ҳалда декан, кафедра баслығы, пән оқытыўшы ҳәм студент қолы менен жеке календарь жоба усыныўы талап етиледи. Егер профессор-оқытыўшы оқыў сабақларын онлайн өткерген жағдайда видеосабақ жазбаларын усыныў талап етиледи. Математика тәлим бағдары оқыў жобасына муўапық «Математикалық анализ» пәниниң аудитория сабақлары сааты 360 саатты қурайды. Жоқарыда келтирилген ҳүжжетлер усыныў шәрти менен профессорға аудитория сабақлары саатының 12,5 проценти муғдарында ямаса 45 саатқа саатпай ақша төленеди. Әмелдеги тийисли норматив-ҳуқықый ҳүжжетке муўапық профессор ушын 1 саатқа 131208.8 сўм төлениўи инабатқа алған ҳалда, 45 саатқа 5 904 396 сўм саатпай ақша төленеди.

## 6-бап. Академиялық мобиллик ҳәм кредитлерди тән алыў

25. Академиялық мобилликти тәмийинлеў ҳәм студенттиң кредитлери жоқары оқыў орны тәрепинен тән алыныўында төмендеги ҳүжжетлерден пайдаланылады:

пәнлер каталогы;

белгиленген формадағы тәлим ҳаққындағы шәртнама, транскрипт, мәлимлеме ҳәм сертификат (4–8-қосымшалар).

Усы ҳүжжетлер билим алыў нәтийжелерин сәўлелендиреди ҳәм университетке кредитлерди тән алыў ҳәм көширип өткериў ушын тийкар есапланады.

26. Студент жибериўши жоқары оқыў орны усынысына тийкарланып қабыл етиўши жоқары оқыў орнына академиялық мобилликти әмелге асырыў ушын зәрүр ҳүжжетлерди тапсырады. Жибериўши жоқары оқыў орны тәрепинен студентке белгиленген формадағы транскрипт усыныс етиледи.

27. Студенттиң академиялық мобиллик дәўиринде өзлестирилиўи белгиленген билимлендириў элементлерин жибериўши жоқары оқыў орнының разылығысыз ҳәм оның менен келиспей турып өзгертиў мүмкин емес. Жибериўши жоқары оқыў орнының билимлендириў бағдарламасы бойынша билим алыў нәтийжелерине шет елдеги шерик жоқары оқыў орынлары, орайлар ҳәм шөлкемлердиң билимлендириў бағдарламаларында белгиленген билим алыў нәтийжелери сәйкес келиўи ямаса оларды толтырыўы керек. Мобиллик ўақтында академиялық жыл көрсеткишлери анализ етиледи ҳәм бул Академиялық қағыйдаларға тийкарынан кредитлер тән алыныўы белгиленеди.

28. Билимлендириў ҳаққындағы шәртнамада қабыл етиўши жоқары оқыў орнында студент тәрепинен өзлестирилетуғын оқыў элементлери комплексиниң билимлендириў бағдарламасына интеграция етилгенлиги анық көрсетилген болыўы керек. Қабыл етиўши, сондай-ақ, шет елдеги жоқары оқыў орнында өзлестирилетуғын кредитлер муғдары шет елде оқыў дәўирине (3-6 ай ямаса 1-3 жыл) пропорционал болыўы керек. Жибериўши жоқары оқыў орны тәрепинен мобиллик дәўиринде студенттиң өзлестирген (толық ямаса шәртли түрде) кредитлери тән алынады. Студент жибериўши жоқары оқыў орнына қайтып келгеннен кейин, мобиллик дәўиринде топланған кредитлер муғдарынан келип шыққан ҳалда әмелдеги тәртип-қағыйдалар тийкарында оны кейинги курсқа өткериў ямаса курста қалдырыў белгиленеди.

29. Университет академиялық мобиллик бағдарламасы бойынша жобаластырылған билимлендириў элементлерин өзлестириў ушын студентти белгиленген форма тийкарында дизимнен өткереди ҳәм мобиллик дәўиринде бул элементлерди өзлестириў мүмкиншиликлери тәмийинлениўи миннетлемесин алады.

30. Шерик университетлер, орайлар ҳәм шөлкемлер менен биргеликте ислеп шығылған билимлендириў бағдарламалары шеңберинде академиялық мобиллик ушын билимлендириў ҳаққындағы келисимлерди дүзиў зәрүр есапланбайды.

31. Билимлендириў ҳаққындағы шәртнамаға муўапық академиялық мобиллик дәўиринде студенттиң билим дәрежесин анықлаўшы көрсеткишлер Академиялық қағыйдалардың 9-қосымшасына муўапық жоқары оқыў орынларының баҳалаў системасын басқа баҳалаў системаларына конвертация қылыў кестеси тийкарында қабыл етиледи.

32. Стажировканы өтеў бойынша шәртнама студент, жоқары оқыў орны ҳәм қабыл етиўши шөлкем тәрепинен дүзиледи ҳәм үш тәреплеме қол қойылады.

Стажировка өтеў бойынша шәртнамада Академиялық қағыйдалардың 10-қосымшасында нәзерде тутылған мағлыўматлар сәўлелендирилиўи усыныс етиледи.

33. Стажировка даўамында студент тәрепинен өзлестирилген билимлердиң ашық-айдынлығын тәмийинлеў ҳәм оларды тастыйықлаў мақсетинде қабыл етиўши шөлкем тәрепинен стажировканы өтегенлиги ҳаққында сертификат бериледи.

## 7-бап. Баҳалаў, баҳаларды конвертация қылыў

34. Студентлер Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министирлиги тәрепинен белгиленген баҳалаў критериялары тийкарында баҳаланады.

35. Пән бағдарламасында (силлабуста) белгиленген баҳалаў тәртиби ҳәм де унамлы баҳалар шеңберинде баҳаланған студентлерге кредитлер бериледи. Студент белгиленген билим алыў нәтийжелерине ерисе алмаған жағдайда, кредитлер берилмейди.

36. Баҳалаў усыллары пән ямаса модуль шеңбериндеги студенттиң жетискенликлерин сәўлелендириўши ҳәм тастыйықлайтуғын жазба, аўызша, әмелий жумыс, жойбар, портфолио ҳәм қадағалаўлар сыяқлы түрлерди өз ишине алады. Баҳалаў критериясы билим алыў нәтийжесине ерисилгенлигин сәўлелендириўи шәрт.

37. Кредитлерди көшириў Академиялық қағыйдалардың 9-қосымшасына муўапық Университетте баҳалаў системасын басқа баҳалаў системаларына конвертация қылыў кестесин басқа жоқары оқыў орнында дүзилген соған уқсас кесте менен салыстырыў тийкарында әмелге асырылады.

## 8-бап. Студентлердиң билимин қадағалаў

38. Студентлердиң семестр даўамында алған билими ҳәм көнликпелери ҳәм де өзлестириў дәрежесин мәмлекетлик билимлендириў стандартларына муўапықлығын тәмийинлеў ушын Университетте студентлер билими, көнликпеси ҳәм маманлығын бақлаўдың аралық ҳәм жуўмақлаўшы қадағалаў түрлери енгизиледи.

39. Модульдиң қадағалаў кестелери, қадағалаў түрлери ҳәм формалары, қадағалаўлар саны ҳәм аралық ҳәм жуўмақлаўшы қадағалаўлар ушын белгиленген максимал ҳәм өтиў баҳалары ҳаққындағы мағлыўматлар профессор-оқытыўшы тәрепинен пән бойынша биринши сабақта студентлерге таныстырылады.

Студент белгиленген тәртипте студентлер рейтингин есапқа алыў электрон системасы жәрдеминде және университет биналардың көринетуғын орынларына жайластырылған дағазалардан шегаралық ҳәм жуўмақлаўшы қадағалаў жумыс нәтийжелерин еркин түрде билип барыўға мәжбүр болып табылады.

## 9-бап. Аралық қадағалаўды өткериў

40. Аралық қадағалаў студент тәрепинен оқыў бағдарламасының тийисли бөлимлери мазмунын өзлестириў дәрежеси, соның менен бирге, оқыў материалын түсиндирме бериў ҳәм анализ етиў, жазба, тест-сынақ қадағалаўларын орынлаў, системалы анализ ҳәм информацион ҳүжжет таярлаў, нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлер менен ислеў әмелий көнликпелери, стандарт болмаған жағдайларда туўры қарар қабыллаў, машқалалы жағдайларды (кейс-стади, казус ҳәм т. б.) шешиў, илимий, методикалық презентациялар таярлаўды баҳалаўға қаратылады.

41. Модул бойынша аралық қадағалаў сораўлары тийисли кафедра тәрепинен дүзиледи. Сораўлар:

студентлер тәрепинен өзлестирилген модульдиң актуал темалары ҳәм де машқалалы жағдайларды анализ етиўге қаратылыўы, логикалық жақтан ҳәм түсиникли тилде аңлатылыўы;

студентлердиң модульди өзлестириў дәрежесин, анализ етиў көнликпелерин, еркин пикирлеў ҳәм келешектеги кәсиплик хызметлеринде еркин қарарлар қабыллаў қәбилетлерин анықлаўға қаратылған болыўы;

анық, норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер нормаларына тийкарланған ҳәм әмелият пенен тиккелей байланыслы болыўы;

пән мазмунының өзгериўине муўапық, ҳәр оқыў жылында жаңаланып барыўы керек.

42. Кафедра баслығы семестр басланыўынан алдын ала қадағалаў сораўларының усы Академиялық қағыйдалардың 41-бәнти талаплары тийкарында сапалы ҳәм өз ўақтында таярлаўға жуўапкер есапланады.

43. Аралық қадағалаў семестр даўамында исши пән бағдарламасының тийисли бөлими тамамланғаннан кейин студенттиң билим ҳәм әмелий көнликпелерин баҳалаў мақсетинде оқыў сабақлары даўамында өткериледи.

44. Аралық қадағалаў түри ҳәр бир пән бойынша пәнниң өзгешелигинен келип шыққан ҳалда 2 ретке шекем өткерилиўи мүмкин.

Аралық қадағалаў түрин өткериў формасы ҳәм мүддети пәнниң өзгешелиги ҳәм пәнге ажыратылған саатлардан келип шығып тийисли кафедра тәрепинен белгиленеди.

45. Аралық қадағалаў түриниң тапсырмалары тийисли кафедра профессор-оқытыўшылары тәрепинен ислеп шығылады ҳәм усы кафедра баслығы тәрепинен тастыйықланады. Усы тапсырмалар сапасының анализи турақлы түрде оқыў ислери бойынша проректор тәрепинен шөлкемлестирилиўи мүмкин.

46. Семестр даўамында ҳәптесине 2 академиялық сааттан кем болған пәнлер бойынша аралық қадағалаў түри өткерилмейди.

47. Студенттиң әмелий, семинар, лаборатория сабақлары ҳәм өз бетинше тәлим тапсырмаларын орынлаўы, соның менен бирге, оның бул сабақлардағы белсендилиги пән оқытыўшы тәрепинен баҳалап барылады.

Студентти аралық қадағалаў түри бойынша баҳалаўда, оның оқыў сабақлары даўамында алған баҳалары инабатқа алынады.

## 10-бап. Жуўмақлаўшы қадағалаўды өткериў

48. Жуўмақлаўшы қадағалаў студентти пәнниң оқыў бағдарламасының мазмунын өзлестириў дәрежеси, оның логикалық пикирлеў, норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер менен ислеў, әмелий көнликпелерди қоллай алыў, машқалалы ўзыйпаларды шешиў, системалы, сын көзқарастан анализ етиў, өз пикирлерин избе-из ҳәм анық баянлаў қәбилетлерин баҳалаўға қаратады.

49. Оқыў семестриниң пәнлер бойынша жуўмақлаўшы қадағалаўы семестр жуўмағында бир мәрте ҳәр бир пәнниң мазмуны ҳәм өзине тән қәсийетлеринен келип шығып жазба, аўызша, тест ҳәм жазба-аўызша имтихан формасында өткериледи. Жуўмақлаўшы қадағалаў формасы тийисли пән бойынша кафедра тәрепинен белгиленеди ҳәм исши пән бағдарламасында нәзерде тутылады.

50. Жуўмақлаўшы қадағалаў кестелери жуўмақлаўшы қадағалаў басланыўынан кеминде бир ҳәпте алдын оқыў жоба тийкарында факультет деканлары тәрепинен ислеп шығылады, Оқыў-методикалық басқарма тәрепинен улыўмаластырылады ҳәм де Оқыў ислери бойынша проректор тәрепинен тастыйықланады.

51. Жазба имтихан сораўлары, қағыйда ретинде, пән бағдарламасы шеңбериндеги логикалық сораўлар ҳәм машқалалы жағдайларды өз ишине алады. Модуллер бойынша жуўмақлаўшы қадағалаў сораўларының мазмуны кафедра жыйналысында додаланған ҳалда тастыйықланады.

52. Жуўмақлаўшы қадағалаў сораўларына төмендеги талаплар қойылады:

студентлер тәрепинен өзлестирилген модульдиң актуал темалары ҳәм де машқалалы жағдайларды анализ етиўге қаратылыўы, логикалық жақтан ҳәм түсиникли тилде аңлатылыўы;

студентлердиң модульди өзлестириў дәрежесин, анализлеў көнликпелерин, еркин пикирлеў ҳәм келешектеги кәсиплик хызметлеринде еркин қарарлар қабыллаў қәбилетлерин анықлаўға қаратылған болыўы;

анық, норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер нормаларына тийкарланған ҳәм әмелият пенен тиккелей байланыслы болыўы;

пән мазмуны өзгериўине муўапық, ҳәр оқыў жылында жаңаланып барыўы керек.

53. Кафедра баслығы оқыў семестриниң төртинши ҳәптеси басланыўынан кешикпеген ҳалда жуўмақлаўшы қадағалаў сораўларын Оқыў-методикалық басқармаға усыныс етилиўин тәмийинлеўи шәрт.

Оқыў-методикалық басқарма жуўмақлаўшы қадағалаў сораўларын алған күннен баслап еки ҳәпте даўамында олардың модерациясын шөлкемлестиреди. Жуўмақлаўшы қадағалаў сораўларының бирден-бир электрон базасы ҳәр жылы усыныс қылынатуғын жуўмақлаўшы қадағалаў сораўлары есабына кеңейтип барылады. Оқыў-методикалық басқарма жуўмақлаўшы қадағалаў сораўларының бирден-бир электрон базасынан студентлер ҳәм педагог хызметкерлердиң пайдаланыўына мүмкиншилик жаратылыўын тәмийинлейди.

54. Оқыў-методикалық басқарма жуўмақлаўшы қадағалаў сораўлары бирден-бир электрон базасында жайластырылған сораўлар тийкарында пәнниң тийисли баплары избе-излиги бойынша имтихан билетлерин арнаўлы компьютер бағдарламасы жәрдеминде дүзеди ҳәм зәрүр жағдайларда буған тийисли кафедра баслығын (ямаса пән профессор-оқытыўшысын) тартады. Буған бир билетте бир бапқа тийисли еки сораўдың болыўына жол қойылмаўы усыныс етиледи.

Оқыў-методикалық басқарма хызметкерлери, соның менен бирге, жуўмақлаўшы қадағалаў ушын имтихан билетлериниң мазмунын ашық жәрияламаўға мәжбүр болып табылады. Бул талап бузылған жағдайларда айыплы адамларға белгиленген тәртипте жуўапкерликке тартыўға шекем болған жаза илажлары қолланылады.

55. Жуўмақлаўшы қадағалаў Оқыў ислери бойынша проректор тәрепинен тастыйықланатуғын, кафедралардың педагог хызметкерлери арасынан тайынланатуғын аудитория басшысы ҳәм бақлаўшылар тәрепинен өткериледи. Жуўмақлаўшы қадағалаўды өткериўде ректор тәрепинен тайынланған Университеттиң басқа хызметкерлери де қатнасыўы мүмкин.

56. Жуўмақлаўшы қадағалаўды өткериў процеси, қағыйда ретинде, видеожазыўда белгиленгенеди. Оқыў-методикалық басқарма хызметкерлери видеобақлаў жәрдеминде жуўмақлаўшы қадағалаў өткериў процесин бақлаў ҳуқықына ийе.

57. Аудитория басшылары ҳәм бақлаўшылардың тастыйықланған дизими Университет структуралық администрациясы итибарына жуўмақлаўшы қадағалаў

өткерилиуинен кеминде бир ҳәпте алдын жеткериледи. Бунда тийисли пән бойынша оқыў сабақларын алып барған профессор-оқытыўшы жуўмақлаўшы қадағалаў түрин өткериўде қатнасыўы қадаған етиледи.

Жуўмақлаўшы қадағалаўға аудитория басшысы ямаса бақлаўшысының кеширимли себепсиз келмеўи (ямаса кешигип келиўи) оларға имтизамлы шараларды қоллаўға тийкар болады. Келмеген аудитория басшысы ҳәм (ямаса) бақлаўшыны алмастырыў миннетлемеси факультет деканы ўазыйпасына жүклетиледи.

58. Студентлер жуўмақлаўшы қадағалаў өткерилип атырған аудиторияға тек студентлик гүўалығы ямаса шахсын тастыйықлайтуғын басқа ҳүжжетти усыныс еткенинен кейин киргизиледи.

59. Имтихан кестесинде белгиленген жазба имтихан ўақты рәсмий басланғаннан кейин кешигип келген студентлер имтиханға қатнасыўға қойылмайды. Ҳүжжет пенен тастыйықланған кеширимли жағдайлар себепли кешиккен ямаса улыўма қатнаспаған жағдайда, имтихан Оқыў-методикалық басқарма (ҳәм\яки факультет деканы) тәрепинен Оқыў ислери бойынша проректор менен келискен ҳалда басқа күнге көшириледи. Студентлердиң жазба имтиханда қатнасқанлығы усы Академиялық қағыйдалардың 11-қосымшасындағы формаға тийкарланып рәсмийлестириледи.

60. Жазба имтихан өткерилип атырған аудиторияға аудитория басшысы ҳәм бақлаўшылардан басқа адамлардың кириўи қатаң қадаған етиледи. Жазба имтихан өткериў процеси тиккелей ректор, Оқыў ислери бойынша проректор ҳәм де Оқыў-методикалық басқарма баслығы ҳәм оның орынбасары, соның менен бирге, деканлар тәрепинен қадағаланып турылыўы мүмкин.

61. Аудитория басшысы ҳәм бақлаўшылар жазба имтихан өткериўде төмендегилерди орынлаўы шәрт:

студентлерди жуўмақлаўшы қадағалаў басланыўынан алдын оны өткериў қағыйдалары менен таныстырыў;

студентлер тәрепинен мобиль телефонлардың өширилиўи ҳәм тапсырылыўын тәмийинлеў;

студентлерге жуўмақлаўшы қадағалаў даўамында пайдаланыў қадаған етилген барлық предметлерди бақлаўшыларға өз ықтыяры менен тапсырыўын тәмийинлеў;

студентлерди аудиторияда бир-биринен көшириўи ушын мүмкиншилик болмайтуғын түрде жайласыўын тәмийинлеў; жуўмақлаўшы қадағалаў өткерилип атырған ўақытта тийисли тәртип-қағыйдаларға әмел қылыныўын қадағалаў;

зәрүр болғанда студентлерге дизимге алынған анықсызлықлар, техникалық қәтелер ямаса тапсырманы орынлаўға қойылатуғын арнаўлы талаплар ҳаққында еслетпелер бериў;

жуўмақлаўшы қадағалаў өткериў қағыйдаларын бузған студентлерди акт дүзген ҳалда имтиханнан шетлетиў.

62. Жазба имтихан даўам етиў ўақты Оқыў-методикалық басқарма тәрепинен ҳәр бир пәнниң өзине тән өзгешелигинен келип шыққан ҳалда белгиленеди. Имтихан ўақты аудитория басшысы тәрепинен көрсетпе алынған ўақыттан басланады. Жуўмақлаўшы қадағалаўдың басланыў ҳәм тамамланыў ўақты аудитория басшысы тәрепинен аудитория тахтасында сәўлелендирилиўи зәрүр.

63. Жуўмақлаўшы қадағалаў өткерилип атырған аудиторияға Оқыў-методикалық басқарманың жуўапкер хызметкери тәрепинен Оқыў-методикалық басқарманың (ҳәм/яки факультет деканаты) мөри менен тастыйықланған жуўап бетлери (дәптер) жеткериледи. Аудитория басшысы имтихан билетлери ҳәм жуўап бетлерин (дәптер) кайта санап алады ҳәм студентлерге жеткереди.

Имтихан өткериў ўақтында студентлердиң имтихан сораўларының мазмуны ҳаққындағы мүрәжатлары көрип шығылмайды.

64. Жуўмақлаўшы қадағалаў студент тәрепинен еркин түрде жазылыўы шәрт.

Студент ушын жазба жумысты басқа адам жазып бериў ҳалаты анықланғанда, соның менен бирге, тексериў ўақтында еки ямаса оннан артық жазба жумыс мазмунының 2/3 ден аслам бөлеги уқсас (улыўма қабаллынған формулалар, теңлемелер, түсиниклер ҳәм басқалардан тысқары) жазба жумыслар студенттиң көширгенлигине тийкар болады ҳәм студентлерге «0» баҳа койылады.

Шифрланған жумысты баҳалаўдың объективлигине тәсир етиўши жағдайлар анықланғанда, сондай-ақ, сөздиң үстине ямаса астына сызыў сондай-ақ, әтирапын сызып койыў, жуўаплар бланканың түрли бөлимлерине (сондай-ақ, ашық қалдырылған жерлерине) графикалық белгилер койыў, жумыс текстинде студенттиң фамилиясы, аты, әкесиниң атын көрсетиў, жумысты басқа адамның қолы менен жазыў жағдайлары болғанда, жумыс ушын «0» баҳа қойылады.

Жазба имтиханға студент орнына басқа адам кирген жағдайлар анықланғанда, студентке «0» баҳа койылып, қағыйдабузарлар аудиториядан шығарып жибериледи.

65. Студентлердиң өзлери еркин түрде жазба имтихан тапсырыў ушын көк реңли шарикли ручка (айырым жағдайларда дәптер) менен келиўи шәрт.

Жазба имтихан өткериў процесинде студентлердиң аудиториядан шығыўы, бир-бири менен сөйлесиўи, басқа студентлерге өз имтихан бетлерин яки имтихан билетлерин бериўи, өзи менен сабақлықлар, оқыў колланбалар, сөзликлер, мәлимлемелер ҳәм басқа әдебиятлар, конспектлер, шпаргалкалар, микрокалькуляторлар, смарт-саатлар, байланыс қураллары (сондай-ақ, уялы байланыс қуралы), аудио, фото ҳәм видеожазыў аппаратлары ҳәм т.б.ларды алып кириўи қадаған етиледи.

Меншик затлар аудиториядағы айрықша столға қойылыўы керек.

Егер имтихан даўамында кеширимли себеплер жүзеге келип, атап айтқанда студенттиң денсаўлығы жаманласқан жағдайда, сыртқа шығыўға руқсат бериледи. Бунда, имтихан студент ушын Оқыў-методикалық басқарма (ҳәм/яки факультет деканы) тәрепинен Оқыў ислери бойынша проректор менен келискен ҳалда басқа күнге көшириледи.

Модульдиң өзгешелигинен келип шығып, тийисли кафедра тәрепинен жуўмақлаўшы қадағалаў өткериўде калькулятор, қурылма ҳәм басқа шәртли жағдайлардың белгилениўи кестелерден пайдаланыўға қарағанда мүмкин.

Бул Академиялық қағыйдалардың 64-бәнти төртинши абзацы ҳәм усы бәнттиң екинши абзацында көрсетилген талапларды бузған студентлер аудиториядан шетлетиледи ҳәм Академиялық қағыйдалардың 12-қосымшасында келтирилген формаға тийкарланып акт дүзиледи ҳәм де жуўмақлаўшы қадағалаўдан өтпеген есапланады.

66. Жазба имтихан ушын ажыратылған ўақыт тамамланғанынан кейин, студент өз имтихан билети ҳәм жуўап бетин аудитория басшысына тапсырыўға мәжбүр болып табылады. Жазба имтихан даўамында жазылған жазба жумыс жуўап бетлериниң саны аудитория басшысы тәрепинен кайта есапланады ҳәм имтиханда қатнасқан студентлер дизими ҳәм де аудиториядан шетлетиў ҳаққындағы актлар менен биргеликте Оқыў-методикалық басқарманың жуўапкер хызметкерине тапсырылады.

Бир күнде 1 ден артық пән бойынша жуўмақлаўшы қадағалаў түри өткерилиўине жол қойылмайды.

67. Оқыў-методикалық басқарма ямаса Оқыў ислери бойынша проректор тәрепинен айырым пәнлердиң өзине тән өзгешелигинен келип шығып, олар бойынша жуўмақлаўшы қадағалаў имтиханын өткериўдиң өзгеше тәртиби белгилениўи мүмкин.

## 11-бап. Қадағалаўдың объективлигин тәмийинлеў

68. Жуўмақлаўшы қадағалаў өткериўде баҳалаўдың қалыслығын тәмийинлеў мақсетинде, студентлердиң жазба жумыслары жуўапкер хызметкерлер тәрепинен камера менен үскенеленген арнаўлы ажыратылған ханада шифрланады ҳәм сол күнниң өзинде тексериўге жуўапкер профессор-оқытыўшыларға Академиялық қағыйдалардың 13-қосымшасында келтирилген формаға тийкарланып қабыл етиў – тапсырыў акти тийкарында тапсырылады.

Жуўмақлаўшы қадағалаў жазба жумысларын шифрлаў аудитория басшысы ҳәм бақлаўшылар тәрепинен әмелге асырылады. Бунда факультет деканы шифрлаўға жуўапкер болған хызметкерлерге шараят жаратып береди.

69. Жуўмақлаўшы қадағалаў жазба жумысларды тексериўге жуўапкер болған педагог хызметкерлер Оқыў-методикалық басқарма баслығы усынысы менен Оқыў ислери бойынша проректор тәрепинен тайынланады.

Жуўмақлаўшы қадағалаў жазба жумыслары бир күннен көп болмаған мүддетте тексериледи. Айрықша жағдайларда жумысларды тексериў мүддетлери Оқыў-методикалық басқарма усынысы тийкарында Оқыў ислери бойынша проректор тәрепинен белгиленеди.

Жуўмақлаўшы қадағалаў жазба жумысларын тексериў илажлары Оқыў-методикалық басқарма менен келискен ҳалда факультет деканы тәрепинен шөлкемлестириледи.

70. Жуўмақлаўшы қадағалаў жазба жумысларын тексериў профессор-оқытыўшылар тәрепинен Университет бинасының ишки тәрепинде арнаўлы ажыратылған камера менен үскенеленген ханада әмелге асырылады. Жазба жумысты арнаўлы ажыратылған бөлме сыртына алып шығыў қадаған етиледи. Арнаўлы ажыратылған аймақта жазба жумысларды тексериў процесинде педагог хызметкерлер искерлигин техникалық жақтан тәмийинлеў мақсетинде факультет деканы қатнасыўы мүмкин. Арнаўлы ажыратылған аймақ ишине ректор, Оқыў ислери бойынша проректор, тийисли кафедра баслығы ҳәм де Оқыў-методикалық басқарма баслығынан тысқары басқа адамлардың кириўи қадаған етиледи.

Тексериў жуўмақланған күни жазба жумыслар усы Академиялық қағыйдалардың 13-қосымшасында келтирилген формаға муўапық қабыл етиў – тапсырыў акти тийкарында факультет деканына қайтарылады. Тексериў нәтийжелери студентлер рейтингин анықлаў электрон системасына киргизилиўи, соның менен бирге, тексериўди әмелге асырған профессор-оқытыўшы тәрепинен тастыйықланған, баҳалаў рейтинги формасында рәсмийлестирилген болыўы шәрт.

Жуўмақлаўшы қадағалаў жазба жумысларын тексериўге жуўапкер болған педагог хызметкерлер жумысларды тексериў ушын алған ўақыттан баслап, оларды қайтарыў ўақтына (қабыл етиў – тапсырыў актине қол қойыў) жазба жумыслар сақланыўына толық жуўапкер есапланады. Тексерилген жазба жумыслар факультет деканына тапсырыў көрсетилген мүддеттен кешикпеген түрде актинде қайтарылыўы шәрт.

Жазба жумысларды тексериў мүддетлери қабыл етиў – тапсырыў актинде өз көринисин табады.

71. жазба жумысларды тексериў мүддетлерин бузған профессор-оқытыўшыларға Оқыў-методикалық басқарма баслығының малимлемесине тийкарланып интизамый жаза илажлары қолланылыўына алып келеди.

72. Кафедра жуўмақлаўшы қадағалаў жазба жумысларын тексерип болғанынан кейин бир ҳәпте мүддет даўамында студентлер ушын жазба жумысларда көп ушырасқан қәтелер бойынша мәсләҳәтлер өткериўи мүмкин.

Бунда усы мәсләҳәт илажларын тийисли пәнлер бойынша сабақларды өткен кафедралар тәрепинен шөлкемлестириледи.

73. жазба жумысларды тексериўге жуўапкер профессор-оқытыўшылар тәрепинен жуўмақлаўшы қадағалаўды баҳалаў рейтинги студенттиң ким екенлигин анықлап болмайтуғын тәризде (фамилиясы, аты, әкесиниң аты көрсетилмеген түрде) дүзиледи, тек студентке тийисли болған идентификациялық код көрсетилип рәсмийлестириледи.

Академиялық қағыйдалардың 14-қосымшасына муўапық жуўмақлаўшы қадағалаўды Баҳалаў рейтинги тийкарында факультет деканы тәрепинен студентлердиң фамилиясы, аты, әкесиниң аты идентификация кылынады ҳәм де жуўмақлаўшы қадағалаў нәтийжелериниң жуўмағы сәўлеленген студентлер дизими дүзиледи. Студентлер дизими факультет деканының көрсетпеси бойынша Оқыў-методикалық басқарма баслығы тәрепинен тастыйықланады ҳәм жуўмақлаўшы қадағалаў нәтийжелери студентлер итибарына жеткериледи.

74. Оқыў-методикалық басқарма баслығы жуўмақлаўшы қадағалаў нәтийжеси бойынша рейтинг нәтийжелерин көрип шығып, жүдә төмен ямаса жоқары баҳаланған жумысларды анықласа, бул ҳаққында Оқыў ислери бойынша проректорды хабардар етеди. Оқыў ислери бойынша проректор Оқыў-методикалық басқарма баслығының билдириў хаты менен ректор буйрығы тийкарында шөлкемлестирилетуғын модераторлар топары тәрепинен жазба жумысларды модерациядан өткериў ҳуқықына ийе.

Модераторлар жумысына басшылықты әдетте, Оқыў ислери бойынша проректор әмелге асырады. Модераторлар ретинде басқа жоқары оқыў орны профессор-оқытыўшылары әмелият ўәкиллери (шәртнама тийкарында) қатнасыўы мүмкин. Модераторлардың ким екенлигин жәрияланыўына жол қойылмайды. Модераторлардың тийкарғы ўазыйпасы жазба жумысларды тастыйықланған баҳалаў критериялары тийкарында кайта тексерип, қойылған баҳалардың тийкарлы яки тийкарсыз екенлигин анықлаўдан ибарат.

Кайта тексериў нәтийжелери бойынша модераторлар топары өзиниң ағзалары тәрепинен қол қойылған ҳәм Оқыў ислери бойынша проректор тәрепинен тастыйықланған жуўмағын усыныс етеди ҳәм бул тийисли баҳаларды өзгертиў ушын тийкар есапланады. Жуўмақ Оқыў-методикалық басқармаға жәмлеўши дизимди таярлаў ушын бериледи.

Модерациядан өткерилиўи талап етилген жазба жумыслар бойынша модераторлар топарының жуўмағы рәсмийлестирилемен дегенше жуўмақлаўшы қадағалаў нәтийжелери анықланбаған есапланады ҳәм студентлерге дағазаланыўы мүмкин емес. Жуўмақ рәсмийлестирилемен дегенше нәтийжелер қупыялылығы ушын Оқыў-методикалық басқарманың жуўапкер хызметкери жуўапкер есапланады. Оқыў-методикалық басқарма баслығы хызметкерлериниң лаўазым миннетлемелерин орынлаўы ушын керекли шараятларды тәмийинлеўге жуўапкер есапланады.

Жуўапкер хызметкер жуўмақлаўшы қадағалаў нәтийжелериниң қупыялылығының бузылыўы бойынша барлық жағдайлар ҳаққында Оқыў-методикалық басқарма баслығына тез арада хабар бериўи керек.

Модераторлар жуўмағы тийкарынан жуўмақлаўшы қадағалаў жазба жумысларын тексерген профессор-оқытыўшылар тәрепинен баҳалаў процесинде кемшиликлерге жол қойылғанлығы анықланған жағдайда, педагог хызметкерлерге Оқыў ислери бойынша проректор усынысына тийкарланып интизамлы жаза илажлары колланыўы мүмкин.

75. Факультет деканы тексерилген жазба жумыслар ҳәм профессор-оқытыўшы тәрепинен баҳаланған жумыслар менен танысыў ушын студентлерге мүмкиншилик жаратып береди.

Студент қойылған баҳадан наразы болса, өз жумысы менен танысқаннан кейин бир күн даўамында факультет деканы атына апелляция арзасын бериўи мүмкин. Факультет деканы бундай мүрәжатларды улыўмаластырған ҳалда Оқыў-методикалық басқармасына усыныс етеди. Бундай жағдайда Оқыў-методикалық басқарма баслығы мәлимлемесине тийкарланып ректор буйрығы менен кеминде 3 адамнан ибарат апелляция комиссиясы дүзиледи.

Апелляция комиссиясының қарары әпиўайы көпшилик даўыс пенен қабыл етиледи ҳәм мәжилисте қатнасқан барлық ағзалар тәрепинен тастыйықланған протокол менен рәсмийлестириледи.

Студенттиң арзасы апелляция комиссиясында студенттиң, зәрүрлик болғанда бул қадағалаў түри бойынша баҳа қойған педагог хызметкердиң қатнасыўында көрип шығылады.

Арзаны көрип шығыўда апелляция комиссиясы қадағалаў жумысларын ҳәр тәреплеме үйренеди.

Студенттиң арзасын көрип шығыў нәтийжеси бойынша апелляция комиссиясы төмендеги қарарлардан бирин қабыл етеди:

қойылған баҳаларды өзгериссиз калдырады;

қойылған баҳаларды өзгертеди.

Студенттиң апелляция арзасын көрип шығыў нәтийжесинде оның алдын алған баҳасына салыстырғанда төмен ямаса жоқары баҳаға өзгертилиўи мүмкин. Зәрүр жағдайларда, апелляция комиссиясына басқа оқыў, илимий мәкемелерден қәнигелер қосылыўы ямаса басқа оқыў, илимий мәкемеге қалыс баҳалаўға жиберилиўи мүмкин.

76. Тексерилген жазба жумыслар факультет деканатында бир жыл даўамында сақланады. Мүддети өткен жумыслар орнатылған тәртипте жоқ етиледи.

## 12-бап. Кредит-модуль системасында дизимге алыў хызметин шөлкемлестириў

77. Дизимге алыў хызметлери билимлендириў ҳәм студентлер билимин баҳалаў процесслерин арнаўлы жүргизиў, студентлер ҳаққында академиялық мағлыўматларды электрон тәризде автоматикалық басқарыў мақсетинде шөлкемлестириледи.

78. Дизимге алыў хызмети студентке таңлаған қәнигелиги бойынша жоқары дәрежедеги билим, көнликпе ҳәм маманлықларға ерисиўде жәрдем бериўге қаратылған болып, төмендеги функцияларды өз ишине алады:

оқыў процеси кестесин дүзиў ҳәм ол өз ўақтында орынланыўын қадағалаў;

студентлердиң пәнлер дизимнен өтиўин қадағалаў;

академиялық топарларды қәлиплестириў;

аралық, жуўмақлаўшы бақлаўлар ҳәм жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациясын шөлкемлестириў ҳәм өткерилиўин бақлаў;

мағлыўматлар базасын қәлиплестириў ҳәм үзликсиз жаңалап барыў;

билим алып атырған студентлердиң мағлыўматларын архивте сақлаў;

транскрипт формаларын қәлиплестириў ҳәм студентлердиң мағлыўматларын киргизиў;

студентлер контингенти бойынша статистиканы жүргизиў.

79. Дизимге алыў хызметлери Оқыў-методикалық басқарма ҳәм факультет деканлары тәрепинен алып барылады.

80. Дизимге алыў хызмети белгиленген кестеге муўапық студентлерди пәнлерге дизимнен өткереди ҳәм студенттиң жеке билимлендириў траекториясын қәлиплестиреди. Студенттиң жеке билимлендириў траекториясы олар тәрепинен еркин түрде топар тәрбияшысы жәрдеминде үлги оқыў жобасы ҳәм таңлаў пәнлери каталогы тийкарында улыўма оқыў дәўири ушын дүзиледи. Жеке билимлендириў траекториясына ҳәр оқыў жылынан алдын өзгертиў ямаса қосымшалар киргизилиўи мүмкин.

81. Студентлердиң жеке билимлендириў траекториясы тийкарында дизимге алыў хызмети академиялық топарларды қәлиплестиреди ҳәм қандай да бир пәнге жазылыў жеткиликли болмаған жағдайда, жеке билимлендириў траекториясын өзгертиў зәрүрлиги ҳаққында студентлерге хабар береди. Студенттиң жеке билимлендириў траекториясы қәлиплестирип болынғанынан кейин дизимге алыў хызмети сабақ кестесин дүзиў ушын Оқыў-методикалық басқармаға академиялық топарлар ҳаққында мағлыўмат бериў.

82. Дизимге алыў хызмети студент тәрепинен жеткиликли GPA көрсеткишлерди топлағанлығы ҳәм шәртнама төлемлери әмелге асырылғанлығынан кейин шығып, ҳәр бир студентти дизимнен өткериў сәнеси ҳәм ўақтын белгилейди. Бунда, университеттиң тийисли бөлими ҳәр бир студент бойынша олар тәрепинен шәртнама төлемлери әмелге асырылғанлығы ҳаққында мағлыўматлардан шәртнама төлемлериниң ақырғы мүддети өткеннен кейин үш күн мүддетте Оқыў-методикалық басқарма ҳәм факультет деканына усыныў.

Биринши курс студентлерди дизимнен өткериў олар менен академиялық ҳәм кәсипке бағдарлаў илажлары әмелге асырылғаннан кейин басланады.

83. Студентлер таңлаған пәнлерди ҳәр семестрдиң дәслепки биринши ҳәптесиниң ишинде өзгертиў мүмкин.

84. Студентлерди дизимге алыў процеси төмендеги тәртипте әмелге асырылады:

Топар басшысы дизимге алыў хызметинен бириктирилген топар студентлердиң логини ҳәм пароллерин алады, студентке билимлендириў процесин түсиндиреди, билимлендириў бағдарламасы менен таныстырады, логин ҳәм пароль береди ҳәм де студент паролынан пайдаланыўды үйретеди;

Студент профессор-оқытыўшылар тәрепинен өткерилетуғын пәнлер бойынша таныстырыў презентацияларына қатнасады, мәжбүрий ҳәм таңлаў пәнлери менен танысады ҳәм пәнлерге билимлендириўди басқарыў системасындағы студент порталы арқалы дизимнен өтеди;

Студент билимин басқарыў системасындағы порталы арқалы сабақ кестесин анықлайды ҳәм сабақларға қатнасады.

## 13-бап. Студентлерди оқыўдан шетлетиў, қайта тиклеў, курстан курсқа өткериў механизимлери

85. Бир пәнге ажыратылған аудитория саатының 25 процентин ҳәм оннан артық саатты себепсиз қалдырған студент бул пәннен шетлестирилип, жуўмақлаўшы қадағалаўға киргизилмейди ҳәм де усы пән бойынша тийисли кредитлерди өзлестирмеген есапланады.

Мысалы, 5140100 – Биология (түрлери бойынша) бакалавриат тәлим бағдарының оқыў жобасына муўапық Ботаника пәниниң аудитория сааты 180 саатты қурайды ҳәм егер студент бул пәниниң (180*25%) 45 саатын себепсиз қалдырған жағдайда, студент усы пәннен шетлестирилип, жуўмақлаўшы қадағалаўға киргизилмейди ҳәм усы пән бойынша тийисли кредитлерди өзлестирилмеген есапланады.

Деканат ҳәр бир семестр жуўмағына шекем кеминде еки ҳәпте алдын тийисли дизимге алыў журналларын үйрениў тийкарында себепсиз сабақ

қалдырған студентлердиң дизимин қәлиплестирип, студентлерди ескертеди ҳәм жуўмақлаўшы қадағалаўға киргизилмеўин тәмийинлейди.

Аралық ҳәм жуўмақлаўшы қадағалаўлар бойынша пәнлерди өзлестирмеген (кредит алмаған) студентлер ушын қайта тапсырыў бир рет – тийисли қадағалаўлардан кейин ҳәм сабақтан тысқары ўақытларда бир ай мүддетте өткериледи. Бул мүддетте өзлестирмеген ҳәм де жуўмақлаўшы қадағалаў түрине киргизилмеген ямаса кирмеген, соның менен бирге, бул қадағалаў түри бойынша қанаатландырарсыз баҳа алған студент академиялық қарыздар есапланады.

Студентлер оқыўды көшириў, қайта тиклеў, екинши ҳәм оннан кейинги оқыўға кириўде тийисли оқыў ушын оқыў жобалары ҳәм бағдарламаларынан пәнлери бойынша парықлар ҳәм де пәнлердеги кредитлер айырмашылығы анықланған жағдайда студент академиялық қарыздар ретинде оқыўға қабыл етиледи.

Академиялық қарыздар студентлер жазғы демалыс ўақтында ямаса кейинги семестрлер даўамында тийисли пәнлерден өзлестирилмеген кредитлер муғдарына сәйкес түрде базалық төлеў-шәртнама муғдарында келип шыққан ҳалда төлеўди әмелге асырғаннан кейин өзлестирилмеген пәнлерди өз есабынан қайта оқыў ҳуқықына ийе болады.

86. Пәнлер айырмашылығын анықлаў ушын пән дәрежеси түсиниги киргизиледи. Пән дәрежеси еки түрде болады;

1) тәбийий-илимий ҳәм гуманитар дәрежесине ийе пәнлер. Бундай пәнлер исши оқыў жобада «Г» ҳәриби менен белгиленеди ҳәм бул дәрежеге ийе пәнлер бойынша парықлар саны курсты анықлаўда инабатқа алынбайды

2) улыўма кәсиплик ҳәм қәнигелик дәрежесине ийе пәнлер. Бундай пәнлер исши оқыў жобада «М» ҳәриби менен белгиленеди ҳәм бундай дәрежеге ийе пәнлер бойынша парықлар 4 тен аспаўы керек.

Студентлер оқыўды көшириў, қайта тиклеў, екинши ҳәм оннан кейинги оқыўға кириўде анықланған пәнлер айырмашылығындағы уқсас пәнлерди есапқа алыў факультеттиң Оқыў-методикалық басқарма кеңеси қарары тийкарында әмелге асырылады. Бунда, есапқа пән бойынша профессор-оқытыўшылар (қәнигелер) тәрепинен ЖООлардың оқыў жобалары ҳәм бул пән бағдарламаларына таянған ҳалда есапқа алынады ямаса есапқа алынбайды, я бирде анықланады.

87. Билим алыўшыны курстан курсқа өткериў оның GPA көрсеткишин есапқа алған ҳалда әмелге асырылады. GPA көрсеткиши 2,6 етип белгиленеди. GPA өтиў көрсеткишин топлай алмаған студент қайта оқыў ушын тийисли курста қалдырылады. Семестр ҳәм оқыў жылы жуўмағы нәтийжелери бойынша академиялық қарыздарлығы бар билим алыўшылар оқыўдан шетлестирилмейди. Курстан курсқа қалған студентлер тек қарыздар болған пәнлерди өзлестирип оларға сәйкес түрде шәртнама қаржыларын төлейди. Шәртнама тийкарында бир курста қайта оқыў саны шегараланбайды. Жәми билим алыў мүддети бакалавриат

ушын 1-курсқа оқыўға қабыл етилгенинен кейин 8 жылға шекем, магистратура ушын 1-курсқа оқыўға қабыл етилгенинен кейин 4 жылға шекем деп белгиленеди.

Билим алыўшының GPA көрсеткишин есаплаў факультет деканлары тәрепинен әмелге асырылады ҳәм нәтийжеси бойынша мағлыўматлар Оқыў-методикалық басқармаға усыныс етиледи.

88. Билим алыўшы Өзбекстан Республикасы Нызам ҳүжжетлери тийкарында оқыўды қайта тиклеў ҳәм көшириў ҳуқықына ийе. Билим алыўшы тәрепинен шетлестирилемен дегенге шекем өзлестирилген кредитлер муғдары Университет тәрепинен толық есапқа алынады.

89. Кредит-модуль билимлендириў системасы енгизилмеген дәўирде ямаса жоқары оқыў орнында оқыған студенттиң оқыўын кредит-модуль билимлендириў системасына көшириў ҳәм сондай-ақ, қайта тиклеўде кредит-модуль билимлендириў системасы енгизилмеген дәўирде ямаса жоқары оқыў орнында оқытылған пәнлердиң саатлары Академиялық қағыйдалардың 21-бәнти 2-абзац талаплары тийкарында кредитлерге өткериледи. Саатларды кредитлерге өткериў ушын пәнниң улыўма сааты 30 ға бөлинеди.

Саатларды кредитке өткериўде онлық бөлшек жүзеге келип, төмендегише пүтинленеди:

- үтирден кейин биринши номер 0, 1, 2, 3, 4 болса, пүтин бөлегиниң өзи кредит муғдары ретинде алынады;

- үтирден кейин биринши номер 5, 6, 7, 8, 9 ға тең болса, пүтин бөлегине бир қосылып кредит муғдары ретинде алынады.

Мысалы, билимлендириўдиң кредит-модуль системасы қолланылмаған жоқары оқыў орнында «Жоқары математика» пәниниң улыўма сааты 350 саатты қурайды, ол 30 ға бөлинеди: 350/30-11, 6 кредитти, яғный пүтинлеў қағыйдасына муўапық «Жоқары математика» пәни 12 кредитти қурайды. Ямаса «Философия» пәниниң улыўма сааты 125 саатты қурап атыр, бунда 125/30-4, 2 кредитти, яғный пүтинлеў қағыйдасына тийкарланып 4 кредитти қурайды.

90. Кредит-модуль билимлендириў системасы енгизилмеген жоқары оқыў орнында билим алған студенттиң оқыўын кредит-модуль билимлендириў системасына көшириўде кредит-модуль билимлендириў системасы енгизилмеген жоқары оқыў орнында студент тәрепинен өзлестирген пәнлер бойынша парық анықланғанда, бул пәнлер оқыў жылы даўамында пуллы тийкарда қайта өзлестирилиўи талап етиледи. Көшириўде пәнлердиң кредитлериндеги айырмашылығы пәнлер айырмашылығы ретинде есапқа алынбайды, бирақ пәнлер бойынша топланыўы керек болған кредитлер айырмашылығы студентлер тәрепинен оқыў жылы даўамында қайта өзлестирилиўи шәрт. Студенттиң оқыўы көширилген семестрден баслап кредит-модуль билимлендириў системасы енгизилмеген жоқары оқыў орнында алдын өзлестирилген пәнлер болыўына

қарамастан, бул пәнлер оқыў жобада белгиленген мүддетлерде толық қайта өзлестирилиўи талап етиледи. Бунда көширилип атырған курс (оқыў жылы) ушын шәртнама төлеми белгиленген мүддетлерде толық төленеди.

Мысалы, 2021-2022-оқыў жылында студент оқыўын кредит-модуль билимлендириў системасы енгизилмеген Әндижан мәмлекетлик университетиниң математика тәлим бағдарынан кредит-модуль билимлендириў системасы енгизилген университеттиң математика тәлим бағдарына көшириўде дифференциал геометрия ҳәм типология пәни (9 кредит) бойынша парық анықланды. Бунда студент 2021-2022-оқыў жылы даўамында пән ушын ((6412610/60)*9)=961893 сўм төлеген ҳалда қайта өзлестириўи талап етиледи. Егер Әндижан мәмлекетлик университетиниң математика тәлим бағдарында дифференциал геометрия ҳәм типология пәни 6 кредитти, университеттиң математика тәлим бағдарында бул пән 9 кредитти қамтыған жағдайда пәнлер айырмашылығы ретинде есапқа алынбайды, бирақ пәнлер бойынша 3 кредит айырмашылығы студент тәрепинен оқыў жылы даўамында қайта өзлестирилиўи шәрт. Студенттиң оқыўы көширилген 2-семестрде кредит-модуль билимлендириў системасы енгизилмеген Әндижан мәмлекетлик университетиниң математика тәлим бағдарының 2-семестринде сызықлы алгебра пәни өзлестирилген болса, бул пән университетиниң математика тәлим бағдарының 2021-2022-оқыў жобада белгиленген мүддетлерде толық қайта өзлестирилиўи талап етиледи. Бунда көширилип атырған курс (оқыў жылы) ушын 6412610 сўм муғдарындағы шәртнама төлеми студент тәрепинен Университет тәрепинен белгиленген тийисли мүддетлерде толық төленеди.

91. Кредит-модуль билимлендириў системасы енгизилмеген дәўирде оқыған студенттиң оқыўын кредит-модуль билимлендириў системасына қайта тиклеўде, тикленип атырған курс (оқыў-жылы) ушын шәртнама төлеми белгиленген мүддетлерде толық төленеди. Қайта тиклеў процесинде алдынғы семестрлерде парық еткен пәнлер студентлер тәрепинен оқыў жылы даўамында пуллы тийкарда қайта өзлестирилиўи талап етиледи. Қайта тиклеўде пәнлердиң кредитлериндеги айырмашылығы пәнлер айырмашылығы ретинде есапқа алынбайды, бирақ пәнлер бойынша топланыўы керек болған кредитлер айырмашылығы студентлер тәрепинен оқыў жылы даўамында қайта өзлестирилиўи шәрт. Студенттиң оқыўы тикленген семестрден баслап алдын өзлестирилген пәнлер болыўына қарамастан, бул пәнлер оқыў жобада белгиленген мүддетлерде толық қайта өзлестирилиўи талап етиледи.

Мысалы, студент Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң «Экономика» (тармақлар ҳәм тараўлар бойынша) тәлим бағдарына 2019-2020-оқыў жылында оқыўға кирип, 2020-2021-оқыў жылында билим алып, «Бухгалтерия есабы ҳәм аудит» пәнинен академиялық қарыздар болған жағдайда студентлер қатарынан шетлестирилген. Бунда студент тикленип атырған кредит-модуль билимлендириў системасы енгизилген 2021-2022-оқыў жылы 2-курс ушын 9129930 сўм муғдарындағы шәртнама төлемин Университет тәрепинен белгиленген мүддетлерде толық төлейди. Соның менен бирге, қайта тиклеў процесинде

алдынғы семестрлерден «Эконометрика тийкарлары» (8 кредит) пәни парық етти. Бул пән студент тәрепинен 2021-2022-оқыў жылы даўамында ((9129930/60) *8) =1217328 сўм төлеў тийкарында қайта өзлестириледи. Буннан тысқары, студенттиң оқыўы тикленип атырған 2-семестрде «Жәҳән экономикасы ҳәм халықаралық экономикалық мүнәсибетлер» пәни 2020-2021-оқыў жылында алдын өзлестирилген болса, бул пән 2021-2022-оқыў жылы ушын тастыйықланған оқыў жобада белгиленген мүддетлерде толық қайта өзлестирилиўи талап етиледи.

92. Көшириў ҳәм қайта тиклеўде пәнлердиң кредитлериндеги айырмашылығы бойынша қайта өзлестирилген пәннен диплом қосымшасына киргизетуғын баҳа, бул пәннен алдынғы (көшириў ямаса қайта тиклеўге шекем) өзлестириў баҳасы ҳәм кейинги (көшириў ямаса қайта тиклеўден кейин) қайта өзлестириў баҳасы есапқа алынған пәнге ажыратылған кредитлер үлесинен келип шығып анықланады. Баҳаларды анықлаўды онлық бөлшек жүзеге келген жағдайда Академиялық қағыйдалардың 88-бәнти 2-абзацта келтирилген тәртипте пүтинленеди.

Мысалы, Гүлистан мәмлекетлик университетинен Қарақалпақ мәмлекетлик университетине оқыўын көширип киятырған студент Гүлистан мәмлекетлик университетинде философия пәни бойынша 6 кредит топланған ҳәм 4 баҳа алған. Усы пән Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң 8 кредитти қурайды. Студент тәрепинен бул пәнниң 2 кредит айырмашылығы қайта өзлестирилип, 3 баҳа алды. Пән ушын ажыратылған 8 кредит үлесинде (6/8=0,75%, 2/8=0,25%) 6 кредит үлеси 0,75 процентти, 2 кредит үлеси болса 0,25 процентти қурап атыр. Диплом қосымшасына қойылатуғын жуўмақлаўшы баҳа 3+0, 75=3, 75 ямаса пүтинлеў қағыйдасына көре 4 баҳаны қурайды.

## 14-бап. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

93. Университетте билим алыўдың төлем муғдары Өзбекстан Республикасының әмелдеги нызам ҳүжжетлерине муўапық белгиленеди:

94. Пәнлер бойынша қайта билим алыў ушын төлем муғдары Университет тәрепинен пүткил оқыў жылының шәртнама суммасынан келип шыққан ҳалда белгиленеди. Қайта билим алыў ушын төлеў механизми Университет тәрепинен бир кредит баҳасын есаплаў тийкарында белгиленеди. Бир кредит баҳасы оқыў жылы даўамындағы билим алыў ушын төленетуғын базалық төлеў-шәртнама муғдарын жобаластырылған кредитлер муғдарына бөлиў жолы менен анықланады.

Мысалы, кредит-модуль системасында академиялық қарыздар студентлер ушын төлеў муғдарларын анықлаў еки басқышта төмендегише әмелге асырылады (Физика бакалавр тәлим бағдары мысалында, тәлим формасы күндизги):

1\.

=

Базалық төлеў контракт муғдары (5771349 сўм)

Оқыў жылында жобаластырылған кредитлер муғдары (60 кредит)

Бир кредит муғдары (96189 сўм)

2\.

Бир кредит муғдары (96189 сўм)

Өзлестирилмеген пәнниң кредит муғдары (3 кредит)

Өзлестирилмеген пәнге төлеў муғдары (288567 сўм)

Академиялық қарыздар студентлер (сондай-ақ, көшириў, қайта тиклеў ямаса екинши ҳәм оннан кейинги тәлимге кириўде анықланған пәнлер айырмашылығы ҳәм (ямаса) пәнлердеги кредитлер айырмашылығы) ушын қайта өзлестириў төлеми төмендеги (қайта өзлестирилетуғын дәўирде белгиленген) базалық төлеў-шәртнама муғдарынан келип шығып есапланады.

Кредит-модуль системасы енгизилген қоспа билимлендириў бағдарламаларында қайта билим алыў ушын төлем, бул тәлим бағдары (қәнигелиги) ушын республика жоқары оқыў орынларында белгиленген базалық шәртнама суммаларынан келип шығып анықланады.

95\. Егер академиялық қарыздар студент пәнлерди қайта өзлестириў мақсетинде мүрәжат етип, бирақ төлемди толық әмелге асырмаған жағдайда, ол оқыўға киргизилмейди. Бундай жағдайларда академиялық қарыздар студентке төлеўдиң қалған бөлегин ҳәм кейинги қайта өзлестириў жобаластырылып атырған дәўир ушын белгиленген төлеў муғдарындағы парықты төлеген жағдайда қайта өзлестириўге руқсат бериледи. Соның менен бирге, академиялық қарыздар студент пәнлерди қайта өзлестириў мақсетинде мүрәжат еткен ҳалда, төлеўди толық әмелге асырған, бирақ сабақларға қатнаса алмаған жағдайда, қайта өзлестириў жобаластырылып атырған дәўир ушын белгиленген төлеў муғдарда парықты төлеў шәрти менен қайта өзлестириўге руқсат бериледи.

***Мысал ушын**, студент 2020-2021-оқыў жылы 1-семестрде 8 кредит болған «Органикалық емес химия» пәнинен академиялық қарыздар болып, жазғы семестрде (июль-август айларында) бул пәнди қайта өзлестириў мақсетинде 2020-2021-жылы ушын белгиленген стипендиясыз базалық төлеў-шәртнама муғдарынан (5771349/60)*8) келип шығып, 769,5 мың сўм төлеў орнына 400,0 мың сўм төледи, бунда студент оқыў сабақларына киргизилмейди. Егер студент 2021-2022-оқыў жылының семестрлеринен биринде қайта өзлестирмекши болса, 2021-2022-жылы ушын белгиленген стипендиясыз базалық төлеў-шәртнама муғдарынан (6412610/60)*8=855016) шығып, алдынғы төлеўди (855016-400000) қайтарылған ҳалда 455016 сўм айырмашылығы төленеди ҳәм оқыўға киргизиледи.*

*Егер студент 2020-2021-оқыў жылы 1-семестрде 8 кредит болған Органикалық емес химия пәнинен академиялық қарыздар болып, жазғы семестрде (июл-август айларында) бул пәнди қайта өзлестириў мақсетинде 2020-2021-жылы*

*ушын белгиленген стипендиясыз базалық төлеў-шәртнама муғдарынан (5771349/60)*8) келип шығып, 769,5 мың сўм төледи, бирақ жазғы семестрдеги сабақларға қатнаса алмады. Бундай жағдайда студент 2021-2022-жылы ушын белгиленген стипендиясыз базалық төлеў-шәртнама муғдарынан (6412610/60)*8=855016) келип шығып, 85,5 мың сўм айырмашылығы төленген жағдайда оқыўға кириўге руқсат бериледи.*

96. Студент Университет билимлендириў бағдарламасын табыслы өзлестирген жағдайда, оған академиялық дәрежесин тастыйықлайтуғын диплом бериледи.

97. Усы Академиялық қағыйдаларда белгиленген мәселелер бойынша келип шыққан даўлар Университет Кеңесинде шешиледи.

Академиялық қағыйдаларға өзгертиў ҳәм қосымшалар киргизиў Университет Кеңеси шешими тийкарында әмелге асырылыўы мүмкин.

98. Академиялық қағыйдаларда билимлендириў процесине тийисли нәзерде тутылмаған мунәсибетлер Өзбекстан Республикасының әмелдеги нызам ҳүжжетлерине муўапық тәртипке салынады.

# ҚОСЫМШАЛАР

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў ҳәм
студентлер билимин қадағалаў тәртиби
ҳаққындағы академиялық қағыйдаларға
1-ҚОСЫМША

# Студенттиң жеке билимлендириў траекториясы

| | | |
|---|---|---|
| Билим алыўшының жеке коды | | |
| Фамилиясы | | |
| Аты | | |
| Әкесиниң аты | | |
| Тәлим бағдары/қәнигелиги | | |
| Оқыў жылы | | |
| Үй адреси | | |
| Телефон номери | | |
| Шөлкемлестириўшилердиң Ф. А. Әа. | | |
| Кафедра | | |
| Телефон номери | | |
| Мәжбүрий пәнлер | Таңлаў пәнлер | |
| | Жәрияланған | Альтернатив |
| 1. | 1. | |
| 2. | 2. | |
| 3. | 3. | |
| 4. | 4. | |

Билимлендириў процесин
шөлкемлестириў ҳәм студентлер
билимин қадағалаў тәртиби ҳаққындағы
академиялық қағыйдаларына
2-ҚОСЫМША

***Академиялық қарыздар студент тәрепинен академиялық қарызларды тапсырыў (қайта өзлестириў) мақсетинде Университет ректорына мүрәжат етиў ушын арза үлгиси***

ҚМУ ректоры______________________қа
(ФАӘа)

_______________________________________
(Факултет)

_______________________________________
(бағдар)

_______________________________________
(басқыш)

Студенти________________________________
_________________________________ дан
(Студенттиң Ф.А.Әа)

АРЗА

Маған 20__/20/__оқыў жылы нәтийжеси бойынша______________________________________________________________
пәни (пәнлер) ден академиялық қарызларымды тапсырыў мақсетинде жазғы семестрде (жазғы демалыс ўақтында) өзлестирилмеген _______________________________________________________________________
(өзлестирилмеген кредитлер муғдары)

пәнлерди өз есабымнан қайта оқыўға руқсат бериўиңизди сорайман.

_____________ ________________________________
(Қол) (Студенттиң Ф.А.Әа.)

_______________
(Сәне)

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў
ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби
ҳаққындағы академиялық қағыйдаларына
3-ҚОСЫМША

**Профессор-оқытыўшылардың академиялық қарыздар студентлер менен жеке тәртиптеги оқыў ҳәм мәсләҳәт саатлары, формалары ҳәм де саатпай төлеўдиң айрықша шәртлери***

(бир академиялық қарыздар студентке бир пән бойынша)

| № | Оқыў ҳәм мәсләҳәт формалары | **Пән бойынша аудитория саатларға салыстырғанда проценти** |
|---|---|---|
| 1 | Дәстүрий оқыў сабақлары ** (офлайн) | 12,5% |
| 2 | Аралықтан оқыў сабақлары ** (онлайн) | |
| 3 | Мәслаҳәтлер ҳәм түсиниклер бериў | 11,5% |
| 4 | Тапсырмалар, мәселелер ҳәм олардың шешими бойынша түсиниклер бериў | 15,% |
| 5 | Пән бойынша тарқатпа материаллар усыныў | 9% |
| 6 | Пәнге тийисли темалар бойынша әдебиятларды түсиндириў ҳәм олардың дәреклерин жеткериў | 22% |
| 7 | Өз бетинше оқытыў шеңбериндеги темалар бойынша әмелий жәрдем көрсетиў | 30% |
| | **Жәми** | **100%** |

* 8 ҳәм оннан жоқары академиялық қарыздар студентлерге өзлестирилмеген бир пән бойынша топар шөлкемлестириў.

** Тийкарлаўшы ҳүжжетлер (жеке календарь жоба (сабақлар қашан ҳәм қай жерде өткерилгенлигин сәўлелендирген ҳалда декан, кафедра баслығы, пән оқытыўшысы ҳәм студент қолы менен), видеосабақ) тийкарында саатпай ақша төленетуғын бөлеги.

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби ҳаққындағы академиялық қағыйдаларына

4-ҚОСЫМША

Пәнлер каталогы

| № | Пәнниң коды* | Пәнниң аты | Пәнниң қысқа характеристикасы | Кредит муғдары | Семестр | Профессор-оқытыўшылар:<br><br>Ф. А. Әа., илимий атағы ҳәм илимий дәрежеси |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **Мәжбүрий пәнлер** | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| **Таңлаў пәнлер** | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |

**Түсиндирме**:

1. * - Пән коды төмендегише белгиленеди: пәнниң қысқартылған аты, мәжбүрий аты, мәжбүрий ямаса таңлаў пән екенлиги (мәжбүрий пән - 1, таңлаў пәни - 2), оқытылатуғын семестр(лер), ажыратылған улыўма кредит муғдары. Мысалы: ХТ1108” - ХТ - “Шет тил” пән, - мәжбүрий пән, 1 - биринши семестрде оқытылады; 08 - пәнге ажыратылған улыўма кредит муғдары;
2. Үлги оқыў жобасы ҳәм пәнлер каталогына сәйкес түрде студенттиң жеке траекториясы қәлиплестиреди.

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби ҳаққындағы академиялық қағыйдаларына
5-ҚОСЫМША

## Билимлендириў ҳаққындағы шәртнамада сәўлелендирилиўи керек болған мағлыўматлар

| |
|---|
| **Студенттиң Ф. А. Әа. ҳәм байланыс мағлыўматлары;**<br><br>**университет ҳәм студентти қабыл етип атырған билимлендириў шөлкеми жуўапкер адамлардың Ф. А. Әа. ҳәм байланыс мағлыўматлары;**<br><br>**жиберилип атырған билимлендириў шөлкеминде студенттиң тәлим бағдары/қәнигелиги;**<br><br>**оқыў дәўири (қысқа, биринши, екинши/үшинши);**<br><br>**қабыл етип атырған шөлкемде оқыў дәўири (басланыў ҳәм тамамланыў ўақты);**<br><br>**шет елде оқыў бағдарламасы: қабыл етип атырған билимлендириў шөлкеминде оқыў жобаластырылған билимлендириў элементлериниң кредитлер көрсетилген каталогына көширип алынған;**<br><br>**табыслы мобиллик дәўири нәтийжесинде университетте кредит ретинде қабыл етилетуғын билимлендириў элементлери;**<br><br>**үш тәреплеме шәртнама (студент, ЖОО ҳәм қабыл етип атырған билимлендириў шөлкеми).** |

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби ҳаққындағы академиялық қағыйдаларына

6-ҚОСЫМША

# Транскрипт

| | | |
|---|---|---|
| Ф. А. Әа./ Full name: | | |
| Туўылған сәнеси/ Date of birth | | |
| Академиялық дәреже/ degree Course: | | |
| Факультет/ College: | | |
| Бағдар/ Department: | | |
| Оқыўға қабыл етилген сәнеси / Date of admission: | | |
| Билим алыўшының дәрежеси / Student status: | | |
| Оқыўды тамамлаған сәнеси / | | |
| Пән коды/Пән аты/ Subject | Кредитлер / Credidits/ECTS да аңлатылыўы | Балл/Grade |
| 1.<br>2.<br>3.<br>4. | | |
| Баҳалаў системасы/ Grading system:<br>A=4.26-4.5 (86-90);<br>A+=4.51-5.0 (91-100):<br>Б=3.51-4.0 (71-80);<br>Б+4.01-4.25 (81-85);<br>Ц=3.0-325 (60-65);<br>Ц+3.26-3.5 (66-70)/ | Жәми кредит муғдары / Total credits | Орташа балл/GPA |
| | | |

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў
ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби
ҳаққындағы академиялық қағыйдаларына
7-ҚОСЫМША

## Билимлендириў ҳаққындағы мағлыўматнамада сәўлелендирилиўи керек болған мағлыўматлар

| |
|---|
| **студенттиң Ф. А. Әа.;**<br><br>**идентификация қылыў ҳәм байланыс мағлыўматлары;**<br><br>**студенттиң тәлим бағдары ҳәм бағдарлама аты;**<br><br>**Усы оқыў жылы;**<br><br>**қабыл етиўши билимлендириў шөлкеминде студент тәрепинен өзлестирилген оқыў элементлери (кредитлер муғдары ҳәм жергиликли баҳалаў системасы);**<br><br>**баҳалаў системасы**<br><br>**берилган сәне ҳәм жуўапкер адамның қолы.** |

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў
ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби
ҳаққындағы академиялық қағыйдаларына
8-ҚОСЫМША

Стажировканы өтеў ҳаққындағы сертификатта сәўлелендирилиўи керек болған мағлыўматлар

| |
|---|
| **Студенттиң Ф. А. Әа.;**<br><br>**шөлкемниң аты;**<br><br>**шөлкем менен байланысыў ушын мағлыўмат (мәнзил, телефон номери, электрон мәнзил, веб-сайт);**<br><br>**шөлкем түри;**<br><br>**стажировканы өтеў мүддетиниң басланыў ҳәм тамамланыў сәнеси;**<br><br>**стажировканың толық бағдарламасы, ўазыйпалар дизими;**<br><br>**өзлестирилген билимлер, көнликпелер ҳәм компетенциялар;**<br><br>**студенттиң жумысына қойылған баҳа;**<br><br>**берилган сәне ҳәм жуўапкер адамның қолы.** |

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў
ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби
ҳаққындағы академиялық қағыйдаларына
9-ҚОСЫМША

**Баҳаларды конвертация қылыў кестеси**
**(5 баллы системадан процентке)**

| 5 баллы | 100% шкала | | 5 баллы | 100% шкала | | 5 баллы | 100% шкала |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 5,00-4,96 | 100 | | 4,30-4,26 | 86 | | 3,60-3,56 | 72 |
| 4,95-4,91 | 99 | | 4,25-4,21 | 85 | | 3,55-3,51 | 71 |
| 4,90-4,86 | 98 | | 4,20-4,16 | 84 | | 3,50-3,46 | 70 |
| 4,85-4,81 | 97 | | 4,15-4,11 | 83 | | 3,45-3,41 | 69 |
| 4,80-4,76 | 96 | | 4,10-4,06 | 82 | | 3,40-3,36 | 68 |
| 4,75-4,71 | 95 | | 4,05-4,01 | 81 | | 3,35-3,3,31 | 67 |
| 4,70-4,66 | 94 | | 4,00-3,96 | 80 | | 3,30-3,26 | 66 |
| 4,65-4,61 | 93 | | 3,95-3,91 | 79 | | 3,25-3,21 | 65 |
| 4,60-4,56 | 92 | | 3,90-3,86 | 78 | | 3,20-3,16 | 64 |
| 4,55-4,51 | 91 | | 3,85-3,81 | 77 | | 3,15-3,11 | 63 |
| 4,50-4,46 | 90 | | 3,80-3,76 | 76 | | 3,10-3,06 | 62 |
| 4,45-4,41 | 89 | | 3,75-3,71 | 75 | | 3,05-3,01 | 61 |
| 4,40-4,36 | 88 | | 3,70-3,66 | 74 | | 3,00 | 60 |
| 4,35-431 | 87 | | 3,65-3,61 | 73 | | **3,00 тен кем** | **60 тан кем** |

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў
ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби
ҳаққындағы академиялық қағыйдаларына
9-ҚОСЫМША

## ЖООлардың баҳалаў системасының басқа системасын басқа баҳалаў системасына конвертация етиў кестеси

<table>
<tr><th>2018-жылдан баслап ЖОО баҳалаў системасы</th><th>Россия Федерациясы баҳалаў системасы</th><th>Европа мәмлекетлери кредитлерин көширип өтиў ҳәм топлаў системасы</th><th>АҚШ баҳалаў системасы (А-Ф)</th><th>Уллы Британия баҳалаў системасы (%)</th><th>Япония баҳалаў системасы (%)</th><th>Корея Республикасының баҳалаў системасы</th><th>2019-жылға шекем ЖОО баҳалаў системасы</th></tr>
<tr><td rowspan="3">«5»</td><td rowspan="3">«5»</td><td rowspan="3">«A»</td><td>«A+»</td><td rowspan="2">70-100</td><td rowspan="3">80-100</td><td rowspan="3">90-100</td><td rowspan="3">86-100</td></tr>
<tr><td>«A»</td></tr>
<tr><td>«A-»</td><td>65-69</td></tr>
<tr><td rowspan="3">«4»</td><td rowspan="3">«4»</td><td>«B»</td><td>«B+»</td><td>60-64</td><td rowspan="3">70-79</td><td rowspan="3">80-89</td><td rowspan="3">71-85</td></tr>
<tr><td rowspan="2">«C»</td><td>«B»</td><td rowspan="2">50-59</td></tr>
<tr><td>«B-»</td></tr>
<tr><td rowspan="6">«3»</td><td rowspan="6">«3»</td><td>«D»</td><td>«C+»</td><td>45-49</td><td rowspan="6">60-69</td><td rowspan="3">70-79</td><td rowspan="6">55-70</td></tr>
<tr><td rowspan="5">«E»</td><td>«C»</td><td rowspan="5">40-44</td></tr>
<tr><td>«C-»</td></tr>
<tr><td>«D+»</td><td rowspan="3">60-69</td></tr>
<tr><td>«D»</td></tr>
<tr><td>«D-»</td></tr>
<tr><td rowspan="2">«2»</td><td rowspan="2">«2»</td><td>«FX»</td><td rowspan="2">«F»</td><td rowspan="2">0-39</td><td rowspan="2">0-59</td><td rowspan="2">0-59</td><td rowspan="2">0-54</td></tr>
<tr><td>«F»</td></tr>
</table>

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў
ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби
ҳаққындағы академиялық қағыйдаларына
10-ҚОСЫМША

## Стажировка өтеў бойынша шәртнамада сәўлелендирилиўи усыныс етилетуғын мағлыўматлар

| |
|---|
| **Студенттиң Ф.А.Әа. ҳәм байланысыў мағлыўматлары**<br><br>**ЖОО ҳәм қабыл етип атырған шөлкем жуўапкер адамлардың Ф.А.Әа. ҳәм байланысыў мағлыўматлары;**<br><br>**Тәлим бағдарының аты ҳәм коды;**<br><br>**Тәлим цикли (қысқа, биринши, екинши/үшинши)**<br><br>**Шөлкем типи (компания): жеке, мәмлекет ҳәм басқалар;**<br><br>**Қабыл етиўши шөлкемде оқыў дәўири (басланыў ҳәм тамамланыў ўақты) ҳәм кредитлер муғдары;**<br><br>**Стажировка жуўмағында күтилип атырған билим алыў нәтийжелери;**<br><br>**Кредит муғдарын өзинде сәўлелендирген стажировка бағдарламасының толық мағлыўматы;**<br><br>**Ҳәптелик жумыс саатлары муғдары;**<br><br>**Стажировканы өтеў ушын студенттиң тил билиў дәрежеси;**<br><br>**Мониторинг тәртиби ҳәм баҳалаў процеси;**<br><br>**Стажировканы өтеў бойынша шәртнамаға өзгерис киргизиў тәртиби;**<br><br>**ЖООда стажировкада нәтийжесин тән алыў тәртиби;**<br><br>**Үш тәреплеме шәртнама (студент, ЖОО ҳәм қабыл етип атырған шөлкем).** |

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби ҳаққындағы академиялық қағыйдаларға

11-ҚОСЫМША

**Жазба имтиханда қатнасқан студентлер**
**ДИЗИМИ**

**Модуль аты:_______________________________________________________**
**Курс: ____________________________________________________________**
**Жазба имтихан өткерилген сәне: ___________________________________**

| Т/н | Студент Ф.А.Әа | Студенттиң қолы |
|---|---|---|
| 1. | | |
| 2. | | |
| 3. | | |
| 4. | | |
| 5. | | |
| 6. | | |
| 7. | | |
| 8. | | |
| 9. | | |
| 10. | | |

**Жәми:________студент**

**Аудитория басшысы** ____________ ____________________________
(қолы) (Ф.А.Әа)

**Бақлаўшы:** ____________ ____________________________
(қолы) (Ф.А.Әа)

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў
ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби
ҳаққындағы академиялық қағыйдаларға
12-ҚОСЫМША

**Студентти жазба имтиханнан шетлетиў ҳаққында**
**АКТ**

Нөкис қ. 20__-жыл «___» ___________

Биз төмендеги қол қойыўшылар аудитория басшысы ҳәм бақлаўшы (бақлаўшылар) бул актти төмендегилер ҳаққында дүздик, студент____________________________________________________________________

(Ф.А.Әа. ҳәм академиялық топар)

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде оқытыўдың модулли системасы шараятларында билимлендириў процесин шөлкемлестириў ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби ҳаққындағы Академиялық қағыйдалардың 65-бәнтине тийкарланған ҳалда 20__-жыл «___» _________да ____________________________________________________________________

(Модуль аты)

модулы бойынша жазба имтиханнан____________________________________________________________
____________________________________________________________________
__________________________________________________________

(шетлетиў себеби)

Себеплерине көре шетлетилди.

**Аудитория басшысы** ___________ __________________________
(қолы) (Ф.А.Әа)

**Бақлаўшылар:** ___________ __________________________
(қолы) (Ф.А.Әа)

___________ __________________________
(қолы) (Ф.А.Әа)

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби ҳаққындағы академиялық қағыйдаларға

13-ҚОСЫМША

**ЖАЗБА ЖУМЫСЛАРДЫ (ҚАДАҒАЛАЎ ТҮРИ)**
**ҚАБЫЛЛАЎ - ТАПСЫРЫЎ**
**АКТИ**

Нөкис қ. 20__-жыл «___» __________

Модуль аты:_______________________________________________________

Курс:____________________________________________________________

Жазба жумысты қабыл етиў сәнеси:__________________________________

Жумысты тексериў мүддети:_________________________________________

Жумыслар саны:___________________________________________________

**Тексериў ушын** ______________ ________________________
**жуўаплы хызметкер** (қолы) (Ф.А.Әа)

**Тапсырыўға** ______________ ________________________
**жуўаплы хызметкер** (қолы) (Ф.А.Әа)

Жазба жумысларды қайтарыў сәнеси:
_________________________________________________________________

Жумыслар саны:
_________________________________________________________________

**Тексериў ушын** ______________ ________________________
**жуўаплы хызметкер** (қолы) (Ф.А.Әа)

**Тапсырыўға** ______________ ________________________
**жуўаплы хызметкер** (қолы) (Ф.А.Әа)

Билимлендириў процесин шөлкемлестириў
ҳәм студентлер билимин қадағалаў тәртиби
ҳаққындағы академиялық қағыйдаларға
14-ҚОСЫМША

___________________________________________
ЖОО аты

**БАҲАЛАЎ № ___**

________________________факултет _____-семестр______топар

Пән: ___________________________________________________
Пән оқытыўшылары: _____________________________________________
Жуўмақлаўшы қадағалаў жуўапкери: _____________________________
Семестрде пәнге ажыратылған улыўма саатлар / кредит: __________________
Жуўмақлаўшы қадағалаў/ қайта тапсырыў өткерилген сәне:

| № | **Студенттиң фамилиясы, аты, әкесиниң аты** | **Студенттиң ID номери** | **Жуўмақлаўшы қадағалаў баҳасы** |
|---|---|---|---|
| 1. | | | |
| 2. | | | |
| 3. | | | |
| 4. | | | |
| 5. | | | |
| 6. | | | |
| 7. | | | |
| 8. | | | |
| 9. | | | |
| 10. | | | |
| 11. | | | |
| 12. | | | |
| 13. | | | |
| 14. | | | |
| 15. | | | |
| 16. | | | |
| 17. | | | |
| 18. | | | |

Жәми студентлер:_____, соннан,«5»:___, «4»:___, «3»:___,
«2»:___,     келмеди: ____

Факултет деканы ___________
М.О.          (қолы)

Кафедра баслығы ___________
(қолы)

Жуўмақлаўшы қадағалаў жуўапкери _________
(қолы)

# МАЗМУН


| | | |
|---|---|---|
| | Кирисиў | 4 |
| 1-бап | Улыўма қағыйдалар | 5 |
| 2-бап | Тийкарғы түсиниклер | 6 |
| 3-бап | Студентлердиң ҳуқық ҳәм миннетлемелери | 9 |
| 4-бап | Билимлендириў бағдарламасы структурасы | 12 |
| 5-бап | Оқыў процесин жобаластырыў, мониторинг алып барыў ҳәм билимлендириў сапасын тәмийинлеў | 13 |
| 6-бап | Академиялық мобиллик ҳәм кредитлерди тән алыў | 17 |
| 7-бап | Баҳалаў, баҳаларды конвертация қылыў | 18 |
| 8-бап | Студентлер билимин қадағалаў | 19 |
| 9-бап | Аралық қадағалаўды өткериў | 19 |
| 10-бап | Жуўмақлаўшы қадағалаўды өткериў | 21 |
| 11-бап | Қадағалаўдың объективлигин тәмийинлеў | 26 |
| 12-бап | Кредит-модуль системасында дизимге алыў хызметин шөлкемлестириў | 30 |
| 13-бап | Студентлерди оқыўдан шетлетиў, қайта тиклеў, курстан курсқа өткериў механизмлери | 31 |
| 14-бап | Жуўмақлаўшы қағыйдалар | 36 |
| | Қосымшалар | 39 |